- gunggung pegawai negeri* (50) *Gunggung pegawai negeri nganti tanggal 31 Maret 1981 ana 2.113.380* ‘Jumlah pegawai negeri sampai tanggal 31 Maret 1981 ada 2.113.380’

- Pola BJ baku: *gunggung pegawai negeri*.
- gunggung pensiunan pegawai negeri* (51) . . . *gunggung pensiunan pegawai negeri anak 600 ewu.*
' . . . jumlah *pensiunan pegawai negeri* ada 600 ribu.'
Pola BJ baku: *gunggung pensiunan pegawai negeri*.
- siaran iklan TVRI* (52) *Kapetung wiwit 1 April mengko siaran iklan TVRI diilangi.*
'Terhitung mulai 1 April nanti *siaran iklan TVRI* dihilangkan.'
Pola BJ Baku: *siarane iklan TVRI*.
- kemungkinan bantuwan dana* (53) *Gubernur Jatim Soenandar ing sambutane uga ngandharake kemungkinan bantuwan dana saka Pamarentah Pusat.*
- sebab-sebab kacilakan* (54) *Dene sebab-sebab kacilakan kang niwasake korban jiwa 11 kasebut isih lagi diteliti.*
'Adapun *sebab-sebab kecelakaan* tersebut sedang diteliti.'
Pola BJ baku: *sebab-sebabe kacilakan*.
- asil kongres II PDI* (55) *Sabam Sirait ngemutake bab apa kang dikandhakake Isnaini durung suwe iki minangka pangejawantahan asil kongres II PDI kasebut.*
'Sabam Sirait mengingatkan hal yang dikatakan isnaini belum lama ini sebagai pengejawantahan *hasil kongres PDI* tersebut.'
Pola BJ baku: *asile kongres II PDI*.
- hakekat manungsa* (56) . . . *cetha nyalahi hakekat manungsa minangka makhluk kang nduwe budi.*
' . . . jelas menyalahi *hakekat manusia* sebagai makhluk yang berbudi.'
- hak manungsa* (57) *Utawa lapuran ngenani hak manungsa-*
'Atau laporan mengenai *hal manusia*'
- wates waktu* (58) . . . *yen larangan iku tetap tumindak nganti wates wektu kang ora ditemtokake.*
' . . . bahwa larangan itu tetap berlaku sampai ba-

- tas waktu* yang tidak ditentukan.
Pola BJ baku : *watese wektu*.
- sisa-sisa uripku* (59) . . . *isih seneng kumpul sanak lan kepengin ngen-tekake sisa-sisa uripku.*
' . . . masih suka berkumpul dengan keluarga menghabiskan *sisa-sisa hidupku.*'
Pola BJ baku: *sisa-sisaning uripku.*
- arah gunung* : (60) . . . *nyawang menyang arah gunung.*
' . . . memandang ke *arah gunung.*'
Pola BJ baku: *arahing gunung.*
- pungkasan sasi Mei*(61) *FFI 1981 bakal dianake ing Surabaya suk minggu pungkasan sasi Mei iki.*
'FFI akan diadakan di Surabaya nanti *minggu akhir Mei* ini.
Pola BJ baku: *pungkasaning Mei.*
- rega BBM* (62) *Rega BBM dalam negeri beda adoh karo rega BBM* ing luar negeri.
'*Harga BBM* dalam negeri berbeda'jauh dengan *harga BBM* di luar negeri.'
Pola BJ baku: *regane BBM.*
- agama rakyat* (63) *Islam ing Indonesia wis dadi agama rakyat.*
'Islam di Indonesia sudah menjadi *agama rakyat.*'
Pola BJ baku : *agamane rakyat.*
- swasana rapat* : (64) *Ria Arini kelingan swasana rapat ing Balai RW rong minggu kepungkur.*
'Ria Arini ingat akan *suasana rapat* di Balai RW dua minggu yang lalu.'
Pola BJ baku: *swasanane rapat.*
- tingkat panguripan para hakim* (65) *Pemerintah mbesiki sakehing sarana badan peradilan lan ndadani tingkat panguripan para hakim.*
'Pemerintah memperbaiki sejumlah sarana badan peradilan dan memperbaiki *tingkat penghidupan para hakim.*'
Pola BJ baku: *tingkat panguripane para hakim.*
- kakuwasan kehakiman* (66) *Kakuwasan kehakiman kudu kita luhurake martabate.*

- 'Kekuasaan kehakiman harus kita junjung tinggi martabatnya.'
- Pola BJ baku: *kakuwasane kehakiman.*
- ngerepan omahku (67) *Bareng tekan persis ngarepan omahku ana sawijining ibu penumpang sing ngawe-awe.*
'Ketika sampai tepat di depan rumahku ada ibu penumpang yang melambai-lambai.'
- Pola BJ baku: *ngarepane omahku.*
- landhesan gesang (68) *Taqwa menika dados landhesan gesang kita sadaya.*
'Taqwa itu menjadi landasan kehidupan kita.'
- Pola BJ baku: *landhesanipun gesang kita.*
- jeneng-jeneng tanduran (69) *Dadi wis rada akeh jeneng-jeneng tanduran iki kang wis dikenal*
'Jadi sudah agak banyak nama-nama tanaman ini yang sudah dikenal'
- Pola BJ baku: *jeneng-jenenge tanduran.*
- milik PJKA (70) . . . arep nonton lokomotif uap milik PJKA.
' . . . akan melihat lokomotif uap milik PJKA.'
- Pola BJ baku: *milike PJKA.*
- tujuwan kegiatan (71) . . . tujuwan kegiatan mau ora liya saperlu sumbang surung apresiasi marang masyarakat.
' . . . tujuan kegiatan itu tidaklain sebagai sumbangan pendorong apresiasi kepada masyarakat.'
- Pola BJ baku: *panujune kegiyatan.*
- wates kampung (72) *Mung tanda wates kampung kang isih bisa nuduhake yen sadurunge pancen ana kampanye.*
'Hanya tanda batas kampung yang masih bisa menunjukkan bahwa sebelumnya memang ada kampanye.'
- Pola BJ baku: *watese kampung.*
- omah-omah pendhudhuk (73) *Bab mau dikarepake supaya ing desa kasebut omah-omah penduduk bisa dibangun maneh.*
'Hal itu dimaksudkan agar di desa tersebut rumah-rumah penduduk bisa dibangun lagi.'
- Pola BJ baku: *omah-omah penduduk.*

- pimpinan Ki Sukarjo* (74) *Karawitan sing apik dhewe kontingen Kecamatan Cangkringan Pimpinan Ki Sukarjo.*
 'Karawitan yang paling baik kontingen Kecamatan Cangkringan *Pimpinan Ki Sukarjo*.
 Pola BJ baku: *Pimpinane Ki Sukarjo*.
- ketuwa sinoman* (75) *Ki Sugiyanto iku uga ketuwa Sinoman Joko; lanang. . . .*
 'Ki Sugiyanto itu juga ketua *Sinoman Jokolanang. . . .*
 'Ki Sugiyanto itu juga ketua *Sinoman Jokolanang. . . .*
 Pola BJ baku: *pangarsane sinoman*.
- pengganti Bahesti* (76) *Khomeini ngangkat Jaksa Agung Abdul Karim Musawi minangka pengganti Bahesti kanggo mimpin Mahkamah Agung.*
 'Khomeini mengangkat Jaksa Agung Abdul Karim Musawi sebagai *pengganti Bahesti* untuk memimpin Mahkamah Agung.'
 Pola BJ baku: *penggantine Bahesti*.
- kekuwatan kaum Mullah* (77) *Saliyane iku, uga ing wektu kekuwatan kaum Mullah ing Iran lagi ing puncake*
 'Selain itu, juga pada waktu *kekuwatan kaum Mullah* sedang di puncaknya'
 Pola BJ baku: *kekuwatane kaum Mullah*.
- warisan adat Minangkabau* (78) *Iki wernane wisata budaya kang ngandhut seni budaya warisan adat Minangkabau*
 'Inilah jenis wisata budaya yang mengandung seni budaya warisan Adat Minangkabau'
 Pola BJ baku: *warisane Adat Minangkabau*.
- uluran tangan bocah lanang* (79) *Ririn rada ewa nyambut uluran tangan bocah lanang kang aran Pardi kuwi.*
 'Ririn agak iri menyambut *uluran tangan bocah laki-laki* yang bernama Pardi itu.'
 Pola BJ baku: *uluran tangane bocah lanang*.

2.2 Frase Atributif Frase N + Pron

- kenakalan muride* (80) . . . *kepriye polahe guru ngatasi kenakalan mu-*

- ride sing ora oleh kawigaten wong tuwa kasebut.*
 '. . . bagaimana usaha guru untuk mengatasi *kenakalan muridnya* yang tidak mendapat perhatian orang tuanya tersebut.'
- Pola BJ baku: *kenakalane muride*.
- kanca saklasku* (81) *Suparti kanca saklasku.*
 'Suparti teman sekelasku.'
 Pola BJ baku: *kancaku saklas*.
- patung Ranggawarsita* (82) . . . *wedi yen patung Ranggawarsitane kerep lumuten.*
 '. . . takut kalau *patung Ranggawarsitanya* sering berlumut.'
 Pola BJ baku: *patunge Ranggawarsita*.
- dhasar hukume* (84) *Dhasar hukume tinemu ana ing RIP liya.*
 'Dasar hukumnya terdapat dalam RIP lain.'
 Pola BJ baku: *dhasare hukum*.
- proses produksine* (85) . . . *jenis pabrik padat modal yaiku kang proses produksine sarwa nganggo mesin.*
 '. . . jenis pabrik padat modal ialah yang *proses produksinya* serba mesin.'
 Pola BJ baku: *proses produksi*.
- lengen tengene* (86) *Lungguhe ora jenak yen ora nglirik arloji ing lengen tengene.*
 'Duduknya tidak tenang kalau tidak melirik arloji di *lengan kanannya*.'
- pagaweyan pokoke* (87) *Ki Sudiharjo, Kanoman Imogiri, Bantul, pagaweyan pokoke gawe gula Jawa.*
 'Ki Sudiharjo, Kanoman, Imogiri, Bantul, *pekerjaan pokoknya* membuat gula Jawa.'
 Pola BJ baku: *pagaweyane* (kang) *pokok*.
- rega-rega barange* (88) . . . *ngundhakake rega-rega barange.*
 '. . . *menaikkan*
 '. . . *menaikkan harga-harga barangnya*.'
 Pola BJ baku: *rega-regane barang (e)*.

garis-garis gedene (89) *Saben wong bisa ngojahake wiwit garis-garis gedhene nganti sapa paprincene.*

'Tiap orang bisa menceritakan mulai *garis-garis besarnya* hingga perinciannya sekali.'

Pola BJ baku: *pokok-pokoke*

areal tanahe (90) *Yen ndeleng areal tanahe nuduhake potensi kang gedhe kanggo narik wisata domestik lan njaban negara.*

'Kalau melihat *areal tanahnya* menunjukkan potensi yang besar untuk menarik wisatawan domestik dan luar negeri.'

Pola BJ baku: *areale lemah.*

2.3 Frase Atributif A + N

cukup alesan (91) *Gugatan kasebut cukup alesan.*

'Gugatan tersebut cukup beralasan.'

Pola BJ baku: *alasan cukup.*

dawa umur (92) *Panyuwunku marang Pangeran dene aku saanak buahku isih pinaringan dawa umur.*

'Permohonanku kepada Tuhan agar aku dan anak buahku masih diberi *panjang umur.*'

2.4 Frase Atributif A + Adv

beda adoh (93) *Rega BBM dalam negeri beda adoh karo rega BBM ing luar negeri.*

'Harga BBM dalam negeri *berbeda jauh* dengan harga BBM luar negeri.'

Pola BJ baku: *bedane adoh.*

2.5 Frase Atributif N + sisih

kamar sisih (94) *Winardi ngungkap kamar sisih.*

'Winardi menengok *kamar sebelah.*'

Pola BJ baku: *kamar sisihe.*

2.6 Frase Atributif Adv + (A \checkmark V)

sanget mepet : (95) *Wulan ingkang kantun saldo sanget mepet.*

'Bulan yang lalu saldo *sangat tipis* (terbatas).'

Pola BJ baku: *mepet sanget.*

banget njengkel-

ake : (96) *Penyakit kang banget njengkelake yaiku sing*

jenenge Fungi.

'Penyakit yang *sangat menjengkelkan* ialah yang disebut Fungi.'

Pola BJ baku: *njengkelake banget.*

- cukup akeh* : (97) *Dadi cukup akeh jeneng-jeneng tanduran iki kang wis dikenal.*
'*Cukup banyak* nama-nama tanaman ini yang sudah dikenal.'
Pola BJ baku: *rada akeh, akeh tenan.*
- cukup bonafide* (98) *Lehe nyambut gawe kira-kira neng instansi kang cukup bonafide.*
'Ia bekerja kira-kira di instansi yang *cukup bonafide.*'
Pola BJ baku: *rada bonafide, bonafide tenan.*
- cukup gedhe* : (99) *Bakal nuwuhake pengaruh kang cukup gedhe.*
'Akan menimbulkan pengaruh yang *cukup besar.*'
Pola BJ baku: *gedhe tenan.*
- cukup angel* : (100) *Dalane uga cukup angel.*
'Caranya juga *cukup sulit.*'
Pola BJ baku: *angel-banget, rada angel.*

2.7 Frase Atributif V + uga

- ditambah uga* : (101) *Samesthine ditambah uga abad kebangkitan Umat Islam saka ketinggalane ing bab kebudayaan.*
'Seharusnya *ditambah juga* abad kebangkitan Umat Islam dari ketinggalannya dalam hal kebudayaan.'
Pola BJ baku: *uga ditambah.*

2.8 Frase Atributif Num + N

- 15 bis susun* : (102) *PT Amalgan wis kasil ngrakit 15 bis susun kanggo PPD DKI Jaya*
'PT Amalgan sudah berhasil merakit *15 bis susun* untuk PPD DKI Jaya'
Pola BJ baku: *bis susun 15.*
- 14 perwira tinggi* : (103) *Dikabarake ana 14 perwira tinggi Mesir, kalebu Mesir*
Menteri Pertahanan A. Badawi, tiwas

- 'Dikabarkan ada 14 *perwira tinggi Mesir*, termasuk Menteri Pertahanan, A. Badawi tewas.' Pola BJ baku : *perwira tinggi Mesir (cacahé) 14*.
- 18 perusahaan : (104). . . *dening 18 perusahaan iku . . .*
' . . . oleh 18 perusahaan itu . . . '
- Pola BJ baku : *perusahaan 18*.
- 6 panser amphi (105). . . *tank-tank lan panser-panser amphi anyar darbeke Marinir TNI AL kehe sanga, kang dumadi saka 6 panser amphi AMX 10 lan . . .*
' . . . tank-tank dan panser-panser amphi baru milik Marinir TNI AL banyaknya sembilan, yang terdiri dari 6 *panser amphi AMX 10* dan . . . '
- Pola BJ baku: *panser amphi AMX 10 (cacahé) 6*.
- 18 bayi : (106) *Ing omah iku petugas kepolisian nemokaké 18 bayi*
'Di rumah itu petugas kepolisian menemukan 18 *bayi*.'
- Pola BJ baku: *bayi 18*.
- 14 lampu Petro-
max; : (107). . . *maringake bantuwan arupa 14 lampu Petro-max marang 14 desa, lan 3 lampu maneh marang Muspida Kecamatan Dan sarta . . .*
' . . . memberikan bantuan berupa 14 lampu *Petromax* kepada 14 desa dan 3 lampu kepada Muspida Kecamatan Dan serta . . . '
- Pola BJ baku: *lampu Petromax 14, desa 14, lampu 3*.
- 6 tertuduh : (108). . . *sarta 6 tertuduh liyane.*
' . . . serta 6 tertuduh lainnya.'
- Pola BJ baku : *tertuduh 6*.
- rong atus ewu : (109). . . *meh rong atus ewu buruh ing wilayahe isih urip ing sangisore garis kemiskinan.*
' . . . hampir dua ratus ribu buruh di wilayahnya hidup di bawah garis kemiskinan.'
- Pola BJ baku: *buruh rong atus ewu*.
- 100 penari : (110) *Saben tarian iku bakal ditindakake dening 100 penari.*

- 'Setiap tarian ini akan dilakukan oleh 100 penari'
- Pola BJ baku: *penari satu*.
- pirang-pirang* : (111) . . . *nate ngasta pirang-pirang jabatan wigati*
jabatan ' . . . pernah memegang sejumlah jabatan penting.'
 Pola BJ baku: *jabatan pirang-pirang*.
- 592 delegasi*; : (112) *Kajaba 592 delegasi saka Jakarta, 300 wong*
300 wong perfileman dalam bintang-bintange film pisan
an; *300 delegasi* *300 delegasi saka daerah-daerah sa-Indonesia*
bakal didaftar minangka tamu VIP.
 Pola BJ baku: *delegasi 592, wong perfileman 300,*
delegasi 300.
- 100.000 wong* (113) *Udakara 100.000 wong kanthi khidmat nirokake*
Reagan kang mocapake sumpah.
 'Kira-kira 100.000 orang dengan khidmat meniru-
 kan Reagan yang mengucapkan sumpah.'
 Pola BJ baku: *wong 100.000*.
- 2 prajurite* : (114) *Komando Militer Thai nlentrrehake yen 2 pra-*
jurite tiwas . . .
 'Komando Militer Thai menjelaskan bahwa 2 pra-
 juritnya tiwas . . .'
 Pola BJ baku: *prajurite loro*.
- telu papat meter* (115) . . . *bisa nganti telu papat meter*.
 ' . . . dapat sampai tiga empat meter.'
 Pola BJ baku: *telu utawa patang meter*.'
- 600 juru parkir* (116) *DKI Jakarta isih mbutuhake 600 juru parkir*
wanita.'
 'DKI Jakarta masih memerlukan 600 juru parkir
 wanita
- 111 pendhudhuk* (117) *Laporan saka Posko ing Majalengka Telaga; 5 pen-*
Argapura
 'Laporan dari Posko di Majalengka menyebutkan
 111 penduduk Telaga dan 5 penduduk Argapura
 meninggal.'
- 456 omah; 2 SD* (118) *Ing Kecamatan Telaga ana 456 omah kang ilang*
 . . . *2 SD ilang*
 'Di kecamatan Telaga ada 456 rumah hilang
 . . . *2 SD hilang*'

- Pola BJ baku: *omah 456, SD 2.*
- 5 ton beras (119) *Pemda Jawa Barat wis ngedrop 5 ton beras.*
'Pemda Jawa Barat sudah mendrop 5 ton beras.'
Pola BJ baku: *beras 5 ton.*
- 500 omah inti (120) *Departemen Sosial bakal nyawisake dana kanggo mbangun 500 omah inti*
'Departemen Sosial akan menyediakan dana untuk membangun 500 rumah inti.'
Pola BJ baku: *omah inti 500.'*
- satunggal tiyang (121) *Satunggal tiyang kemawon para sekabat miwah para murid boten wonten ingkang nggrahita menggah lelampahanipun Gusti Yesus ingkang pungkasan punika.*
'Satu orang saja para sahabat tidak ada yang mengira tentang perjalanan Gusti Yesus yang terakhir itu.'
Pola BJ baku: *tiyang satunggal.*
- 147 yuta rakyat Indonesia (122) *Saka 147 yuta rakyat Indonesia, 10 persen ing antarane, kurang luwih wong 14,5 yuta sing umure antara 15—30 taun . . .*
'Dari 147 juta rakyat Indonesia, 10 persen di antaranya, lebih kurang 14,5 juta orang yang berumur antara 15—30 tahun . . .'
Pola BJ baku: *rakyat Indonesia (kang) 147 juta.*
- nem belas jiwa : (123) *Nem belas jiwa pedunung ing pedhukuhan iku..*
'Enam belas jiwa penghuni pedukuhan itu. . .'
Pola BJ baku: *jiwa (wong) 16.*
- 40 bangunan (124) *Saora-orane ana 40 bangunan kang madeg saping-gire dalam raya Puncak.*
'Setidak-tidaknya ada 40 bangunan yang berdiri di tepi jalan raya Puncak.'
Pola BJ baku: *bangunan 40.*
- 2 trebang cilik; (125) *Instrumen utawa alat tetabuhan kayata 2 trebang 1 trebang tanggung;*
2 dhodhog tanggung;
1 trebang gedhe
'Instrumen atau alat musik misalnya 2 gendang kecil, 1 gendang tanggung, 2 dodog tanggung, dan 1 gendang besar.'
Pola BJ baku: *trebang cilik 2, trebang tanggung 1.*

- dhodhog tanggung 2, trebang gedhe 1.*
- 35 *gedhong*; (126) *Saka 35 gedhong mau dumadi saka 80 kapling.*
 'Dari 35 gedung itu terbentuk dari 80 kapling.'
 80 *kapling*.' Pola BJ baku: *gedhong 35; kapling 80.*
- papat atraksi* (127) . . . *Kabupaten Kulon Progo nyuguhake papat atraksi, antarane . . .*
 'Kabupaten Kulon Progo menghidangkan empat atraksi, antara lain . . .'
 Pola BJ baku: *atraksi papat.*
- pat belas oknum* (128) *Pat belas oknum kang didakwa mèlu teror Warman dibebasake.*
 'Empat belas oknum yang didakwa turut (dalam teror Warman dibebaskan.'
 Pola BJ baku: *oknum pat belas.*
- 17 *penumpang*; (129) *Dikabarake 17 penumpang lan 3 awak pesawat Pelita mau uga kasil dislametake dening Midway.*
 3 *awak pesawat Pelita*
 'Dikabarkan (bahwa) 17 penumpang dan 3 awak pesawat Pelita berhasil diselamatkan oleh Midway.'
 Pola BJ baku: *penumpang 17, awak pesawat Pelita 3.*
- 350 *wong* (130) *Wong-wong Indonesia kang lelungan menyang Singapura kanthi tujuwan mung "shopping" jroning taun 1980 kepungkur ana udakara 350 wong.*
 'Orang-orang Indonesia yang bepergian ke Singapura dengan tujuan hanya "shopping" dalam tahun 1980 ada kira-kira 350 orang.'
 Pola BJ baku: *wong 350.*
- 400 *wong* (131) *Ana 400 wong kang kasil diungsekake.*
 'Ada 400 orang yang berhasil diungsikan.'
 Pola BJ baku: *wong 400.*
- 15 *wong* (132) *Kira-kira ana 15 wong mati saben dinane.*
 'Kira-kira 15 orang meninggal setiap hari.'
 Pola BJ baku: *wong 15.*
- 42 *penumpang* (133) *Fahrizal prentah marang andhahane supaya me-
 nehi weruh 42 penumpang sing ana kamar tengah.*

'Fahrizal memerintahkan kepada bawahannya agar memberi tahu 42 penumpang yang ada di kamar tengah.'

Pola BJ baku: *penumpang 42*.

46.403 pegawai (134) *Wong-wong sing diangkat dadi pegawai negeri sipil pusat; 66.057 tennaga guru*

Wong-wong sing diangkat dadi pegawai negeri taun 1981/1982 iki yaiku 46.403 pegawai sipil pusat minangka sisane kang durung diangkat dhek tahun 1980/1981, lan 66.057 tenaga guru. . . .

'Orang-orang yang diangkat menjadi pegawai negeri tahun 1981/1982 ini adalah 46.403 pegawai sipil pusat sebagai sisa yang belum diangkat pada tahun 1980/1981, dan 66.057 tenaga guru . . .'

Pola BJ baku: *pegawai sipil pusat 46.403, tenaga guru 66.057*.

ka-7 petugas KA (135) *Ka-7 petugas KA kang slamet kasebut saiki lagi diamanake dening pihak wajib.*

'Ketujuh petugas KA yang selamat tersebut sekarang sedang diamankan oleh pihak yang berwajib.'

Pola BJ baku: *petugas KA 7*.

7 petugas KA; (136) *KA Mutiara Timur sing ngemot penumpang 2 gerbong klas ekonomi; 1 gerbong klas utama*

KA Mutiara Timur sing ngemot penumpang cacah 325 lan 7 petugas kasebut . . . , saengga nuwuhake 2 gerbong klas ekonomi lan 1 gerbong kelas utama ngguling.

'KA Mutiara Timur yang memuat penumpang berjumlah. 325 dan 7 petugas KA tersebut . . . , sehingga menyebabkan 2 gerbong klas ekonomi dan 1 gerbong kelas utama terguling.

Pola BJ baku: *petugas KA 7, gerbong klas ekonomi 2, gerbong kelas utama 1*.

pirang-pirang : (137) *Pirang-pirang putusane PBB ora direwes dening Israel.*

'Sejumlah keputusan PBB tidak dihiraukan oleh Israel.'

Pola BJ baku: *putusane PBB pirang-pirang*.

30 pendhudhuk (138) *Ana 30 pendhudhuk Kecamatan Pacet*

- 'Ada 30 penduduk Kecamatan Pacet . . .'
Pola BJ baku: *pendhudhuk 30*.
- 25 kapal trawl (139) *Saka tilas 25 kapal trawl mau . . .*
'Dari bekas 25 kapal trawl itu. . .'
Pola BJ baku: *kapal trawl 25*.
- 1.364 pemilik : (140). . . *kehe 1364 pemilik tambak*.
tambak . . . banyaknya 1364 pemilik tambak.'
tambak Pola BJ baku: *pemilik tambak 1.364*.
- 80 wong (141) *Sekoci Tampomas II mau kebak manungsa, ana 80 wong*.
'Sekoci Tampomas II itu penuh manusia, banyaknya 80 orang.'
Pola BJ baku: *wong 80*.
- patang wong (142) *Wong Inggris kang cacaha patang wong saka Rail Brake Development Ltd . . .*'
'Orang Inggris yang berjumlah empat orang dari "Rail Brake Development Ltd. . .".
Pola BJ baku: *wong papat*.
- 500 peserta : : (143). . . *ana 500 peserta*.
' . . . ada 500 peserta.'
Pola BJ baku: *kang melu 500*.
- satus tiyang (144). . . *ing saben dintenipun dipun keringaken satus tiyang . . .*'
' . . . setiap hari dikerahkan seratus orang.'
Pola BJ baku: *tiyang 100*.
- loro Posko
- loro Posko : (145) *Loro Posko tambahan ditindakake dening PMI lan DKK*.
tambahan 'Dua Posko tambahan dilaksanakan oleh PMI dan DKK.'
Pola BJ baku: *Posko tambahan 2*.
- papat-papate (146) *Mundhake kriminalitas ing papat-papate daerah daerah*
kasebut . . .'
'Naiknya kriminalitas di keempat daerah
Pola BJ baku: *patang daerah*.
- 45 yuta wong (147 . . . *sing urip sangisore garis kemiskinan ana*

sakupenge 30 persen utawa 45 yuta wong.

'... yang hidup di bawah garis kemiskinan ada sekitar 30 persen atau 45 juta orang.'

Pola BJ baku: *wong 45 juta.*

2.9 Frase Verbal Parafrastis

njupuk langkah-langkah peng- (148) Polisi sabanjure njupuk langkah-langkah peng-
amanakan.
amanakan 'Polisi selanjutnya mengambil langkah-langkah pengamanakan.'

Pola BJ baku: *ngamanake.*

nduweni kalungguhan (149) Jarak jaman samono wis nduweni kalungguhan
kang permati.
kang permati 'Jarak waktu itu sudah mempunyai kedudukan yang berarti.'

Pola BJ baku: *dikenal pigunane, migunani.*

mbekta acara (150) Semanten ugi, dhateng pribadi kula ingkang
mbekta acara ing siyang punika

'Begitu pula, kepada pribadi saya, yang membawa acara ini . . .'

Pola BJ baku: *ngacarani.*

nglungguhi posisi (151) BBM wektu iku klebu jenis komoditi kang nglung-
guhi posisi kadidene sumber energi kang utama.

'BBM waktu itu termasuk jenis komoditi yang menduduki posisi sebagai sumber energi yang utama.'

Pola BJ baku: *posisine.*

ora bisa di-benerake tanpa idin (152) . . . ora bisa dibenerake tanpa idin pemilik ba-
ngunan, yaiku pemerintah.

'... tidak bisa dibenarkan tanpa izin pemilik bangunan, yakni pemerintah.'

Pola BJ baku: *ora kena yen tanpa idine*

ngalami penyusutan (153) . . . ingkang nyatanipun ugi nilai utawi ajinipun
ngalami penyusutan.

'... yang kenyataannya juga nilai atau harganya mengalami penyusutan.'

Pola BJ baku: *suda.*

2.10 Frase Nominal Parafrastis

taun kang bakal (154). . . ngrembug proyek *taun kang bakal teka teka*
' . . . membicarakan proyek tahun yang akan datang.'

Pola BJ baku: *taun ngarep*.

kang kasil metu dadi juwara (155) *Manut keputusan juri kang kasil metu dadi juwara dadi juwara*
prapincene kaya mangkono.

'Menurut keputusan juri, yang berhasil keluar sebagai juara perinciannya seperti itu.'

Pola BJ baku: *kang dadi juwarane*.

2.11 Frase Atributif Superlatif

paling becik : (156). . . *sing paling becik yen ditandur*
' . . . yang paling baik kalau ditanam '

Pola BJ baku: *becik dhewe*.

paling gawat : (157) *Inflasi sing paling gawat*
'Inflasi yang paling gawat '

Pola BJ baku: *gawat dhewe*.

paling gedhe (158). . . *mujudake FFI kang paling gedhe.*
' . . . mewujudkan FFI yang paling besar. '

Pola BJ baku: *gedhe dhewe*.

paling gedhe (159) *Dene daerah kang paling gedhe tunggakane yaiku Propinsi Jawa Barat.*

'Adapun daerah yang paling besar tunggakannya ialah Jawa Barat.'

Pola BJ baku: *gedhe dhewe*.

paling gampang (160) *Dalan sing paling gampang*
'Cara (jalan) yang paling mudah '

Pola BJ baku: *gampang dhewe*.

paling dhisik dhewe (161) *Manungsa kang paling dhisik dhewe munggah ing bulan yaiku Neil Armstrong.*

'Manusia yang paling dahulu tiba di bulan yaitu Neil Armstrong.'

Pola BJ baku: *dhisik dhewe*.

paling dawa (162) *Jenggot kang paling dawa kang didarbeni yaiku jenggote Haus N. Langset*

'Janggut yang paling panjang yang pernah dimiliki ialah janggut Haus N. Langset. . . . '

Pola BJ baku: *dawa dhewe*.

- paling utama* (163) *Keyakinan kuwi kang paling utama.*
'Keyakinan itu yang *paling utama*.'
Pola BJ baku: *utama dhewe*.
- paling apik* (164) . . . *paling apik kabeh kudu nuhoni kesepakatan iki.*
' . . . *paling baik* semua harus mematuhi kesepakatan ini.'
Pola BJ baku : *apik dhewe*.
- paling narik* (165) . . . *kang paling narik kawigatenan yaiku Siti Rakimah.*
' . . . yang *paling menarik perhatian* ialah Siti Rakimah.'
Pola BJ baku: (kang) *digatekake dhewe*.
- paling gedhe* (166) . . . *paling gedhe 20 cm, kepet gegere luwih dawa,..*
' . . . *paling besar 20 cm*, sirip punggungnya lebih panjang . . .'
Pola BJ baku: *gedhe dhewe*.
- paling becik* (167) *Mula saka kuwi, wektu kang paling becik kanggo nandur ing akhiring*
'Berhubung dengan itu, waktu yang *paling baik* untuk menanam (bertanam) ialah pada akhir'
Pola BJ baku: *becik dhewe*.
- paling rusak* : (168) *Bocah kon nganggur disangoni dhuwit punika racakipun ingkang paling rusak makaten punika.*
'Anak disuruh menganggur (dan) diberi uang, itulah umumnya yang *paling rusak*, demikian itulah.'
Pola BJ baku: *rusak banget (dhewe)*.
- paling jitu* (169) . . . *nganti miturut penilaian saka tingkat pusat, paling jitu yen katandhing karo daerah kabupaten liyane.*
' . . . sampai menurut penilaian tingkat pusat, *paling jitu* jika dibandingkan dengan daerah kabupaten lainnya.'
Pola BJ baku: *jitu dhewe*.

2.12 Frase Verbal Resiprokal

saling angapunten(170) *Kita salebeting halalbihalal punika kedah ikhlas*

saling angapunten.

'Kita dalam halalbihalal ini harus ikhlas

'Kita dalam halalbihalal ini harus ikhlas *saling memaa'kan!*

Pola BJ baku: *ngapunten-ingapunten.*

3. Pola Kalimat

(171) *Piyantune biasa-biasa wae, ora nuduhake ke-angkuhane minangka dadi Kepala Desa (Lurah).*

'Orangnya biasa-biasa saja, tidak menunjukkan kesombongannya sebagai kepala desa (lurah).'

Pola BJ baku:

Piyantune lumrah, ora ana tandhane angkuh dadi kepala desa (lurah).

(172) *Dadi, cukup akeh jeneng-jeneng tanduran iki kang wis dikenal dening pandhudhuk Indonesia.*

'Jadi, cukup banyak nama-nama tanaman yang dikenal penduduk Indonesia.'

Pola BJ baku:

Dadi, wis rada akeh jeneng-jenenge tanduran kang wis dikenal dening penduduk Indonesia.

(173) . . . *ora bisa dibenerake tanpa idin pemilik bangunan, yaiku pemerintah.*

' . . . tidak dapat dibenarkan tanpa izin pemilik bangunan yaitu pemerintah.'

Pola BJ baku :

. . . *ora kena yen ora oleh idine kang ndarbeni, yaiku pemerintah.*

(174) *Mbokmanawi kaangkah malih sae ingkang dalam forum kedinasan punapa dene wonten pasawang-an bebrayan wonten ing alam padhang punika.*

'Barangkali diusahakan lagi, baik yang ada dalam forum kedinasan, maupun dalam pergaulan masyarakat di alam terang ini.'

Pola BJ baku :

Mbokmanawi kaangkah malih, inggih wonten fo-

rum kedinasan, lan ugi ingkang wonten pasrawungan bebrayan ing alam padhang punika.'

- (175) *Iku bakal nuwuhake pengaruh kang cukup gedhe marang kahanan perekonomian.*

'Itu akan berpengaruh besar (menumbuhkan pengaruh yang cukup besar) kepada keadaan perekonomian.'

Pola BJ baku:

Iku bakal rada gedhe pengaruhe marang kahanan perekonomian.

- (176) *Tindakan iku mesthi ora dimaksud supaya sing kena ukuman iku oleh isin saka masyarakat.*

'Tindakan itu tentu tidak dimaksud agar yang mendapat hukuman itu mendapat malu dari masyarakat.'

Pola BJ baku:

Tumindak kang kaya mangkono mau maksude ora kareben wong sing diukum kewirangan.

- (177) *. . . ana sebageyan kang omahe isih nuduhake keaslian Kampung Laut.*

' . . . ada sebagian yang rumahnya masih menunjukkan keaslian Kampung Laut.'

Pola BJ baku :

. . . ana sawatara kang omahe isih nggambarake kahanane Kampung Laut kang asli.

- (178) *Telung sasi akhir iki kerep kadadegan ana pengethokan kabel lampu.*

'Tiga bulan akhir ini sering terjadi ada pemotongan kabel lampu.'

Pola BJ baku:

Telung sasi akhir-akhir iki kerep ana kabel lampu kang padha dikethoki.'

LAMPIRAN 2

A. SUMBER DATA LISAN (1) WARTA BERITA BASA JAWI RRI SURAKARTA, 8 JULI 1981

- 1) Direktur Jendral Urusan Hubungan Ekonomi lan Sosial Budaya Departemen Manca Negari, Gusti R.C. Nur, dereng dangu punika sampun kalam-pahan napakasmani Serat Perjanjen Tumbas Baita Peti Kemas damel Indo-nesia dhateng Pamarentah Jerman Kilen, ingkang dipun wakili dening Dhuta Agung tumrap Indonesia, Dr. Bodesones ing Jakarta. Serat Perjan-jen Tumbas Baita Peti Kemas wau pengaji 55 yuta Mark. Dene baita peti kemas ingkang badhe dipun tumbas dening Indonesia wau ukuranipun 20.500 bobot mati ingkang ing mangke badhe dipun cepeng dening PT Ja-karta Loyd. Baito peti kemas kasebat mujudaken baita nomer 5 ingkang sampun dipun tumbas dening Indonesia. Nalika sesorah ing upacara ka-sebat, Dirjen Gusti R.C. Nur ngandharaken bilih kanthi tambahan baita peti kemas kasebat ateges armada angkatan seganten Indonesia saya munda-hak sentosa.
- 2) Boten namung Indonesia kemawon saben ngadhepi dinten Riyaya barang kabetahan padintenan temtu mindhak, ananging negari Malaysia ugi sami kaliyan Indonesia, jalaran para pedagang utawi para bakul ing Malaysia ugi ngindhakaken rerègen daganganipun saengga rakyat ing Malaysia sami kraos karepotan. Mila kangge ngadhepi lan ngirangi proses makaten wau Pamarentah Malaysia wiwit wekdal punka sampun siaya ngawontenaken pengawasan tumrap para bakul. Pamarentah ugi nggrengsengaken pangin-tunan barang-barang kasebat ing daerah-daerah. Malah tumrap pengawasan makaten wau tetep badhe dipun adani terus ngantos dumugi wulan Fe-bruari 1982 ngajeng.
- 3) Pawartos ingkang pungkasan.
Manut rancangan saking Fakultas Pawiyatan Luhur Udayana, Bali, benjing tanggal 12 Juli ngajeng punika ngantos dangunipun sekawan dinten, badhe ngawontenaken seminar ing babagan seks. Ing seminar wau badhe dipun rembag 22 prekawis, ingkang badhe dipun caosaken kanthi cara ilmiah, ingkang sadayanipun wonten gandheng cenengipun kaliyan babagan seks, ing Indonesia, kalebet frigiditas, wanita, penyimpangan seks, impotensi, lan sanes-sanesipun. Malah manut katrangan, seminar kasebat badhe dipun dhatengi dening para ahli ingkang mumpuni ing babagan seks Indonesia. Nanging prakawis kasebat manut sekretaris, dr. Adiputra, mratelakaken

bilih ing dinten sepisanan seminar wau badhe ngrembag babagan sejarah. . . seks, babagan psikoseksual tumrap para lare, wekdal puber para lare, saha sanes-sanesipun.

Namung semanten, para miarsa, pawartos wigati dalu punika.

Rekaman, 8 Juli 1981

(2) SIARAN PEDESAAN RRI YOGYAKARTA

Para kadang!

Rembag punika kula aturaken, bok bilih saged kangge tambahan pangertosan, inggih punika bab "donyaning rumah tangga". Inggih ingkang sampun kula aturaken punika wau asesirah "Kasiling mBangun Bebrayan Gumantang Anggota Keluwarga".

Sampun kawuningan, bilih tumrap para tani menawi wanci enjing surya ju-medhul lajeng para kadang sami tata-tata age-age tindak dhateng sabin, pegelilan utawi pekaranganipun, ngrampungaken pakaryan ingkang perlu dipun garap. Tumrap para kadang ingkang kalebet pedagang, manawi sampun dumugi wancinipun makarya temtu ugi nuju dhateng papan usahanipun. Sarta tumrap para pegawe uger sampun jamipun ugi lajeng bidhal makarya. Sedaya punika minangka lantaranipun ngupaya boga, ingkang kenging kangge nyekapi betahing sandhang, tedha, ugi papan, lan betahing sanesipun, kados dene pendidikan, hiburan, sedaya wau dipun betahaken tiyang gesang. Nanging ingkang kula aturaken ing rembag dede bab wau, ananging yektosipun tuju-anipun tiyang gesang antaranipun tiyang tani, para pedagang, bakul pengrajin, pegawe, yektosipun sami, inggih punika kepengin gesang ingkang mulya, ingkang sejahtera, ingkang bahagia, temtu kemawon kanthi pawitan kepinteran ingkang beda-beda, inggih pawitan raja kaya, ugi pawitan sanesipun ingkang minangka srana kangge nggayuh kamulyan punika wau, ugi lingkungan kulawarga ingkang boten sami, temtunipun nggayuh tujuan punika wau lajeng njumbuhaken kaliyan srana ingkang wonten kaliyan kawontenanipun piyambak-piyambak. Sebab idhaman ingkang kabujeng, menawi boten dipun jumbuhaken kaliyan lingkunganipun kaliyan kasagedanipun, temtu saged kagayuh. Mila lajeng wonten paribasan "cocok nguntal elo". Malah badhe ngrekaosaken.

Nah, punika gambaran sawatawis bab kuncining kasil mbangun brayat. Ming jlentrehipun, mangga dipun gatosaken srasehan ingkang kaemot ing siaran salajengipun mangke.

A : Hmm . . . angger pasa ki angger dina sepisanan kok abote tenanan ya! Ngrasakake ki kok ngelak, luwe . . .

B : Ya lumrah ta, Pakne! Sing jeneng wong nglakoni ngibadah pasa, rak ya ora ngunjuk, ora dhahar lan ya ngendhaleni hawa nafsu wiwit esuk nanganti sore. Kuwi rak ya pancen abot tenan, ta, Pakne.

A : Lah iya, tak rasak-rasakake tenane kik kok ya le, wah, ketoke mung ngurangi ya kuwi?

B : Hla ning bareng dina sing ping pindho, gene kok kepenak wae!

A : Jebul beda ya, kaya gek awake dhewe isih mudha kae?

B : Lha beda sing endi kuwi, Pakne?

A : Dhisik kae rak ya klebu dina sing sepisanan, ya ta?

B : Ooo . . .

A : Jaman awake dhewe dadi manten, kae rak sarwa kepenak ya. Mangka rak ya diarani lagi sepisanan ta kuwi? Dadi manten kuwi?

B : Kok sepisanan ki piye ta kuwi, Pakne? Apa arep dipindho maneh pa piye?

A : Lho, ko sik Bu! Iki eling wulan Pasa. Yen kleru nggone nanduki bisa seling surup iki mengko, hhh. Karepku dhek awake dhewe dadi manten. Ya, ta! Rak apa-apa sarwa dicukupi.

B : Ooo . . .

A : Apa-apa sarwa digolekake, sepatu ditukokake, klambi ditukokake. Wis, ta, pokoke maneka warna butuhe dadi manten, ya ta! Kabeh sranane dicukupi wong tuwa. Rak sarwa kepenak ta kuwi!

.....

Rekaman, 4 Juli 1981

(3) PERCAKAPAN JUAL BELI DI PASAR BERING HARJO

A : Menika pinten, njih? Tiga selangkung? Menika ingkang seket wolu? Seket wolu menika kaliyan ingkang sewidak napa bentenipun?

B : Bentenipun sekedik. Ngagem menika kemawon!

A : Yen menika kirang ageng, wong siraha dha gedhi-gedhi.

B : Yen menika ngagem? Menika kemawon sampun pol.

- A : Wah, neh ana sing cilik wae. Sesuk njih?
- B : Badhe ngersakaken kaling menapa? Nek boten abrit kersa?
- A : Who, wong kangge kembaran, kok!
- B : Who, kangge kembaran, ta!
- A : Seket wolu punika semanten, Para gegedhen pa ya?
Reginipun pinten?
- B : Menika, yen mboten matur tawi, kaling setengah.
- A : Boten pareng kalih tengah? Yen pareng kalih tengah kula nyuwun kalih. Seket wolu pa seket sanga ya? Aku ora ngerti, je! Menawi boten cekap benjang enjing saged lintu? Who, yen ra isa sesuk ndadak nggawa bocahe rene, ya ta?
- B : Anu, mawi ukuran kemawon! Seket wolu ingkang setunggal. Inggang setunggalipun ageng menapa alit? Yen ngagem ingkang alit, menika.
- A : Wo, yen menika kaliten. Nomer seket pitu jelas kaliten. Menika sewidak? Wong seket wolu ra sedheng.
- B : Menapa sami agengipun?
- A : Duka, nggih, Namung kala wingi pun wlingi seket wolu ngaten, kok! Iki rada lobok ra papa?
- B : Sampun radi sesak lho, Den?
- A : Iki seket pitu. Tapi agengipun kok ageng menika? Menika kok ageng sanget ta? Nek entuk takijolke, sesuk tak gawa maneh. mBok menawi niki kagengen. Menawi kepareng kula nyuwun kalih. Ning nek kagengen mbenjing enjing nyuwun kalih, kulo lintokaken.

.....
Percakapan . . .
.....

- A : Yu, bathik ki pira, yu?
- B : Sewelas ewu gangsal atus yen bathik asli. Yen bathik cap njih radi mirah.
Menika sanga likur. Yen menika, setunggal setengah.
- A : E, mBok, kowe duwe bathik sing lima kurang seprapat kae?
Menawi menika?
- B : Menawi menika nem likur, ning gagah saestu.
- A : Yen menika?
- B : Menika tigang ewu.
- A : Mboten saget kirang?
- B : Mboten. Menika kemawon, Den, sanga likur.

A : Lho, ning kok ngebleh-ebleh! Tulung, Jeng, gelarna!
Menika pinten, Jeng?

B : Kalih setengah. Yen sanga likur, menika. Wonten benten-benten.

A : Menawi menika wau pinten, Jeng?

B : Kalih selangkung

A : Nyuwun menika kalih.

Lajeng . . . wo . . . ora nganggo kotang, he!

.....
Rekaman, 3 September 1981

(4) RAPAT PKK DI TIRTOMARTANI

Amargi wekdal sampun sonten, pramila pepanggihan menika badhe enggal dipun wiwiti. Namung kemawon, kula suwun para ibu-ibu sekalian, saderengipun lenggah wonten ing papan ingkang sampun dipun sedhiyakaken, lajeng berdoa rumiyin dhateng Gusti Inkang Mahaagung, supados kita anggenipun sami pepanggihan menika tansah dipun paringi wilujeng, sageta manggihaken punapa ingkang dados wohing rembag, lan saged mahanani kaleksanan menapa ingkang dados cita-cita kita menika.

Ibu-ibu, menika kala wau kesupen ngaturaken sugeng rawuh dhateng para ibu, lan ingkang dereng rawuh inggih mangke dipun tengga, inggih, Ibu-ibu! Lan dene Jum'at Wage menika sampun dados dinten ingkang rutin, mila kula aturi kanca-kanca ingkang celak sawi ajak-ajakan.

Kula wangsuli atur kula, para ibu-ibu. E . . ngengingi kita badhe rembagan, mangga nyenyuwun rumiyin dhateng Pangeran, kanthi kapitadosanipun piyambak-piyambak, supados kita saged mlampah lancar, mboten wonten alangan menapa-menapa ngantos dumugi saramungipun. Berdoa mulai.

Para rawuh ingkang tansah kula tresnani,

E . . . ngengingi pepanggihan badhea ingkang dipun rembag menika sekedhik, nanging panjang. Mila pembikaan kula cekapaken semanten.

. . . Ngengingi tugas kula . . . ananging ngilingi keputusan dumugi samenika. . kula sampun matur dhateng Seksi P4 dereng saged bekerja. Ugi kula sampun dhateng Seksi Penerangan Kabupaten, menika sampun merencana, nanging dereng saged melaksanakan.

Rapat . . . (lanjutan)

Mila kangge keputusanipun Seksi P4 menika saweg badhe lapuran dhateng

Pemerintah Kalurahan. Lan mangke tanggapan kalurahan kados pundi, lan mbenjing menapa dipun laksanakan.

.....
 Menika wau sampun mireng sadaya billh pelaksanaanipun dereng saged dipun laksanakan. Salajengipun laporan saking seksi-seksi, utawi Seksi Gotong-royong. Mangga, Ibu Joko Santosa utawi Ibu Suryati, wekdal kula aturaken.

Mangke kemawon dipun tangguhaken malih.

Salajengipun dadosipun laporan saking Seksi 3, inggih menika Seksi Pangan, ingkang badhe dipun wakili dening Ibu Sriati utawi Ibu Wardiharjono menapa Ibu Purnomo Edi. Mangga, wekdal kula aturaken.

.....
 Ingkang sampun mlebet menika antawisipun nem ewu satus tigang dasa gangsal. Ingkang badhe nyuwun ngampil Ibu Tegalsari kaliyan Ibu Sri Widodo. . . Kaliyan supados dados kawigatosanipun Ibu-ibu, supados saben Jum'at Wage menika nyicil mbaka sekedhik, supados gentosan ingkang nyuwun ngampil.

Kados cekap semanten, Ibu-ibu, laporan Seksi Lumbung.

Rekaman, 25 September 1981

(5) LAMTORO

.....
 B : Ha, mau ki rak ngene ya. Aku rak nuhono sing dadi piwelingmu.

A : La iya.

B : Iki gawe calon tipuan iki. Pa terus sajrone aku gawe ki, kang Mul liwat.

"Kowe lagi apa, ta?" Ha tak wangsuli ta, "Lagi gawe calon pagen lan pakan," ki malah muring-muring.

A : Terusna, terusna, kuwi nek kepengin tak kethok gulune.

S : Sabar, sabar, sareh, sareh . . .!

B : Lha, rembugan karo wong ra genah ki . . .

C : Ana rembug, dirembug. Ana nalar, dinalar.

Iki mau kang Nyoto ki ya benar. Kang Noto ki lagi ngomong karo guyon, ning jan-jane ya bener lagi gawe pakan karo pager.

A : Lha nyatane madhani lemah nganggo plastik, kok! Rak ora bener, ta kuwi.

- B : Lha soale ora dhong, kok.
- C : Iki ngene. Lemah sing diwadahi nganggo plastik ini mau arep dinggo ngipuk lamtoro gung. Ngerti ora lamtoro gung?
- B : Ngonon ta, kuwi mau.
- A : Nah, bener ora. Andekna ki tak babat, tak babat . . .
- C : Wis, ta.
- B : Jan-jane lamtoro gung kuwi klebu taneman, ta?
- C : Weh, bab lamtoro gung ki klebu tanduran. Nek kang Mul ki kepengin ngerti bab kawruh lamtoro gung, kene, lungguh kene dhisik! karo ngaso! Mengko tak guroni lamtoro gung ki apa! Ning kuwi aja tok eker-eker ngono kuwi!
- B : Golek pakan mrana mreng ora oleh. Anane ming suket gariing, gek panase ora jamak! Iki, jan-jane piye iki? Lamtoro gung ki arep dienggo apa tak kuwi?
- C : Ya kuwi wong ora tau kumpul klompok! Gemrundek neng omah wae! Ya kuwi entek-entekane!
- A : Lamtoro gung kuwi padha nek nggone dhewe mlandhingan. Dadi, ngene, kang . . .
- B : Ha, gene ya mung mlandhingan!
- A : Ha ning beda. Padha-padha mlanding, nanging lamtoro gung ki jenis unggul. Nek ora percaya, rene-rene, gilo iki, rada nyedhak mreng!
- A : Wosene we gedhene semene. Iki nek cara pari ngono jenis VUTW IR 36 kuwi.
- C : Iki wose lehku nyuwun saka Pak Mantri. Iki aku mau malah ya nggawa winihe. Dadi, iki ya lamtara gung. Aja kleru!
- B : Njur iki saka ngendi, ta, iki?
- A : Iki, ya lehku nyuwun Pak Mantri. Iki apa iki sing kok maksud?
- B : Ora, iki le nandur carane kepriye? Kok, dijenengke lamtoro gung barang?
- C : Iki asale saka manca negara, saka Hawaii, adoh kana. Ning le dijenengke lamtoro gung ora merga saka manca negara, ora. Le dijenengke lamtoro gung ki marga nduweni sipat-sipat sing unggul dibandingke karo lamtara biyasa.

.....
 Rekaman dari Siaran TVRI Stasiun Yogyakarta
 dalam acara "mBangun Desa", 13 September 1981

**(6) HALALBIHALAL KELUARGA BESAR
SMP NEGERI I SLEMAN**

1) Ucapan Pengacara

. . . . Anggen kita matur ugi tumpang suh, boten wetah cara Jaw. Bapak-bapak saha Ibu-ibu ingkang kinurmatan.

Assalamualaikum warahmatullahi wabarakatuh

Bapak Kepala SMP Negeri I Sleman saha Ibu, Bapak Ketua BP 3, tuntunan Ilahi ing samangke badhe dipun tindakan dening Ibu Slamet Raharja. Kaping tiga, Uraian Syawalan badhe dipun asta dening panjenenganipun Bapak Sukidi Cakrasuwignya. Wondene kapung sakawan istirahat ingkang angka setunggal. Kaping gangsal, pamedhar sabda saking Bapak sesepuh BP3 SMP Negeri I Sleman.

Kalajengaken istirahat ingkang angka kalih, punika istirahat ageng. Wondene ingkang angka enem ing samangke kalajengaken penutup, inggih menika wawan asta. Makaten menggah urut-urutanipun acara ing siyang punika. Amrih cekat-cekating wekdal, pramila acara kapisan sumangga sesarengan kabikak kanthi maos "Bismillahirrahmanir rahim".

Matur nuwun.

Ing salajengipun wekdal saha papan kita sumanggakaken dhateng panjenenganipun Ibu Slamet Raharja, ingkang samangke badhe gema wahyu Ilahi. Dhumateng Ibu Slamet kita sumanggakaken.

2) Ibu Slamet membaca *Kitab Suci AlQuran*

Assalamualaikum warahmutallahi wabarakatuh.

A'udzu billahi minasy syaithanir rajin. Bismillahir rahmanir rahim, . . . (dst.

3) Upacara Pengacara yang Kedua

Ing salajengipun uraian Syawalan badhe katindakaken dening panjenenganipun Bapak Cakrasuwignya. Namung saderengipun

Halalbihalal

Kita nyuwun gunging pangapunten awit pepanggihan utawi silaturrahmi ing siyang punika boten saged kempal dados satunggal awit saking kawontenan papan. Mila ingkang punika, sapisan malih kula nyuwun gunging pangapunten. Dhumateng panjenenganipun Bapak Sukidi Cakrasuwignya kula sumanggakaken. Nuwun.

4) Pidato Bapak Sukidi Cakrasuwignya

Assalamualaikum w.w.

Alhamdulillah . . . lsp.

Bapak Kepala SMP Negeri I Sleman, Bapak Ketua BP3 SMP Negeri sleman, saha keluarga besar SMP Negeri Sleman ingkang kita hurmati.

Yen wonten ing upacara silaturahmi Syawalan, yen kanggenipun kula, jane pidhato-pidhato barang ki ra patek perlu. Sik perlu ki istirahat pertama lan istirahat kalih punika. Ha nek diklumpukke ya dipidhatoni. Lha punika dalam upacara santai punika ingkang penting kula namung ngajak, mangga sami dipun lurusaken niyatipun. Dos mbok menawi saking timbalanipun Pak Hadipurwanta sapunika keluarga besar SMP I makempal wonten dalimipun Pak Hadipurwanta punika ingkang sepisan, kaniyatan badhe nglunturaken lan nyuwun pangapunten awit satunggal lan satunggalipun. mBok menawi kangkah malih sae ingkang dalam kedhinasan, punapa dene wonten ing pasrawungan bebrayan wonten ing ngalam padhang punika. Ning sanadyan kula boten nedha, niyat kula utami badhe kepanggih Pak Hadipurwanta. Kula mangke badhe kepanggih Bapak-bapak lan Ibu-ibu Guru SMP I, punapa dene kanca-kanca BP3. Ha menika ingkang korum menika ingkang sanget kita syukuri. Mila kaniyatan ingkang pertama-tama punika kedah sami kita ugemiyin. Dados kaniyatan kita sami kempal wonten ing papan punika samangke badhe sesarengan nglebur kalepatan ingkang satunggal lan satunggalipun. Temtunipun tanpa reserve. Minta maaf tanpa reserve. Bener-bener ya lahir ya batin. Dipun suwunaken palilahipun, pangapuntenipun. Baik dalam korum dinas, maupun wonten ing bebrayan umum.

Bapak-bapak saha Ibu-ibu ingkang kinurmatan.

Upacara utami merayakan hari raya Idulfitri berupa halalbihalal ingkang artosipun apura ingapura punika namung khusus ing negeri kita panjenengan sami punika, inggih negari RI ingkang adhedhasar Pancasila. Umat Islam di luar Indonesia tidak ada upacara seperti ini. Mereka cukup kalau setelah habis Puasa Romadhon . . . (alih kode ke bahasa Indonesia)

Estunipun yen sampun siyamipun Romadlon jangkep sampun sholat Id, sampun takbir, sampun zakat fitrah, sampun rampung miturut tuntunan agami ingkang pokok. Lha halalbihalal punika merupakan kebudayaan khusus negara Pancasila ini. Pramila dhateng para bapak-bapak lan para ibu, khususipun Bapak lan Ibu Guru SMP I, mbok manawi sampun sadaya ngalami Penataran P4 . . . (alih kode lagi ke bahasa Indonesia sampai selesai pidato).

5) Ucapan Pengacara

Makaten Bapak saha Ibu-ibu sadaya, hikmah Syawalan ingkang sampun kabebaken dening Bapak *Sudikidi Cakrasuwignya. Kula kinten Bapak saha Ibu ayogyani bilih acara ing siyang punika kita punggel samanten rumiyin, awit wonten ing mriki dhawah acara istirahat ingkang kapisan. Mila saking punika, saderengipun para paraga ngaturaken ingkang awujud unjukan utawi dhaharan, manawi sampun kaaturaken, tumunten dipun unjuk saha dipun dhahar kanthi saprayoginipun. Ing wasana kasekecakna lenggah. Nuwun.

.....

Rekaman Upacara Halalbihalal Keluarga
SMP Negeri I Sleman, Ahad, 4 Agustus 1981

(7) PERCAKAPAN SUAMI ISTRI

- A : Persoalan embene ki wis dadi. Pak Carik ngalor dhisik, njuk ngrampung-ake masalah kidule. Bar kuwi terus udan. Dadi, Pak Carik terus ra sida tindak ngidul. Mangka aku ki ming diampiri Pak Carik. Engko ki ditnani.
- B : Nyang ndi, Pak?
- A : Kowe ki, engko dhisik, ta! Engko ki aku ming diampiri Pak Carik. Aku ming katut kok aku.
- B : Wi . . . nek kabeh katur terus piye ngono kuwi?
- A : Ora, . . . prinsipne ki pancen ngono mantu kuwi. Ning iki kudune Pak Sosial. Sing lanang wong nggonku. Rak ya ngono ta?
- B : Lha kene ki duwe anak wedok je! Hi, hi . . .!
- C : Injih, pun Bu. Pokoke dijanji aja ngantek bocor. Njih, ta?
- B : Ning, ngono ki bene bocahe gelem. Wong tuwane entuk. Ning . . . dikira pemerintah melu-melu. Ana, dikira awake dhewe ki . . . apa saka Pak Guru? Wo, bisa, ya? ndak . . .
- A : Ya bisa Bu, wong ngono kuwi.
- B : Wlah . . . nek kaya ngono kuwi masa bodhoa!
- A : O, nek ngono ben, Bu! Perkarane wong cilik mono wis dudu soal kang-

- gone dhewe, Bu.
- B : Tapi, hal iki terjadi. Betul. Kok!
- A : Dadi keluarga tidak usah dianu. Wong sedulur karo sedulur ora dha ngerti nek bocah ki dha kaya ngono. Dadi, sing ngerti ming saomah thok. Soale angger sedulur dha ngerti . . . mesthi njur engko dhebat!
- B : Wong cetha kaya ngono kok malah Pak Carik, Pak Sosial, Pak Lurah, kok malah mikir kepentingane dhewe! Engko banjur malah . . .
- C : Enjih, sak ke . . .!

Rekaman, 4 September 1981

(8) PERCAKAPAN TENTANG STUDI

- M : Dhik, ngapa ta dhik, kowe kok isa mlebu nyang IKIP kene? Isa kepe-thukan aku karo kanca-kanca iki kabeh?
- D : O, iya. Dhisik masalaha ngene. Wektu aku isih sekolah neng SLTA klas loro, aku wis minat mlebu yang IKIP. Tapi minat iku sawise aku klas enem banjur terpedhot, ora isa nerusake sekolah. Banjur aku me-nyang Pekalongan. Neng Pekalongan aku melu neng kana melu mbantu sithik-sithik. Neng kana setelah tahun, aku banjur bali Bali neng ngo-mah ana telung wulan nganggur, terus melu mbantu sedhela telung wulan.
- M : Klas nem PGA kuwi, ya?
- D : Iya.
- M : Dadi PGA, Ta? PGA Muhammadiyah apa negeri?
- D : PGA Negeri.
- M : Ooo . . . dadi luluse taun pira?
- D : Taun 1979 – 1980.
- M : Nek ngono wis tuwa ya?
- D : Ya wis rada tuwa sithik. Dhisik aku nongkrong setaun.
- M : Pak Guru no ya?
- D : Ya durung Pak Guru ah, lagi calon guru neng IKIP.
- M : Ning rasane piye saiki sekolah neng IKIP iki? Nek rasane rak ya seneng ta?
- D : Seneng, wong kancane akeh.
- M : Lha piye kok mlebu nang D siji barang kuwi?

- D : Soale ngene. Nek neng S siji ki kesuwen, wektune patang taun. Dadi perlu wektu sing singkat, aku njupuk neng nggone D siji. Tur milih bahasa Indonesia kuwi aku gur manut kanca-kancaku, ra manut sapa-sapa.
- D : Eh, he-eh, ta . . . ? Lha yen kowe, Mbak? Kok mlebu IKIP ki ngapa?
- M : Lha aku ki soale nek arep mlebu UGM ora duwe ragad, karone maneh cah putri, mengko neng UGM kesuwen.

Rekaman Percakapan Mahasiswa
tanggal 15 November 1981

(9) SANDIWARA DAERAH
RRI STUDIO NUSANTARA II YOGYAKARTA
26 Juli 1981

- S : Sampun, mBak, istirahat rumiyin!
- T : Ngendikanipun Dokter kados pundi, Suster?
- S : Mboten menapa-menapa.
- T : Ah, punapa taksih dangu anggen kula babaran?
- S : Inggih nengga kemawon, mBak, mangke menawi kraos, kula aturi ngebel kemawon!
- T : Ning dangu boten, Suster?
- S : Sampun saatipun, nanging inggih nengga kemawon.
- T : Menawi taksih dangu, kula wangsul rumiyin kemawon, Suster.
- S : O, sampun, mBak, kedah nengga wonten mriki.
- T : Ah . . .
- S : Sampun, inggih, menawi kraos ngebel kemawon.
- T : E . . . Suster, Suster, kula saged pinanggih om kula?
- S : Sapunika wonten pundi?
- T : Mbokmenawi wonten njawi, nengga. Menawi pun aturi tindak mriki, saged?
- S : Ning mBak Trisni sampun kedangon, nggih?
- T : Nyuwun tulung inggih, Suster, dipun aturi mriki.
Kula badhe rembagan sekedhap.

S : Inggih.

S : Punapa Bapak tiyang sepuhe mBak Trisni?

R : Inggih, Jeng, punapa sampun babaran?

S : Dereng, sapunika taksih nengga. mBak Trisni badhe rembagan seke-dhap. Mangga, tindak mlebet.

R : O, inggih, inggih. Wonten kamar mriki?

S : Inggih. Tindak mlebet kemawon, Pak!

R : O, inggih, inggih, matur nuwun, Jeng.

R : Priye, Tris? Durung?

T : Dereng, Om. Wau nalika wonten griya, sampun kraos.
Sareng wonten rumah sakit kok boten.

R : O, iya. Pancen kaya ngono nek arep babaran. Sok krasa, ning terus ilang, lha mengko krasa maneh.

T : Ning kok boten kepareng wangsul, nggih?

R : Wah, ya ora papa. Malah nunggu ana rumah sakit kene wae supaya sawanci-wanci arep . . . rak wis ana kene. Wa, coba nek ana ngomah, mangka wanci bengi krasa, rak malah repot.

T : Inggih. O, inggih, Om, nyuwun tulung, Mas Parmanta dipun aturi prisa menawi kula sampun wonten rumah sakit. Om.

R : Pancen anggonku nunggu ki supaya entuk keterangan. Lha yen wis entuk, aku arep enggal-enggal tilpun ngabari Masmu supaya . . .

T : Supados kados pundi, Om?

R : Lha ya supa enggal-enggal niliki ana rumah sakit kene, ta!
Sebab Parmanta ki saiki kok arang-arang bali na ngomahmu ki priye, ta.
Rak iya ta?

T : Mbok menawi kathah urusan kantor.

R : Sanadyan akeh urusane, ning rak ya terus ora mulih ngono kuwi ta, sebab sawanci-wanci kowe krasa wayah bengi rak ya bisa ngeterake nang rumah sakit. Ning nek arang-arang ana ngomah rak repot nek ngla-irake bengi.

T : Inggih, nyuwun dipun kabari kemawon supados mangke sonten tindak mriki, Om.

R : Ya, wis mengko aku terus nilpun. Ning saiki kok terus arang-arang kondur kuwi menyang ngendi?

T : Om rak prisa piyambak, griyanipun boten namung griya kula piyambak, Om.

R : Ha biyen . . . gek rung klakon, jare ora bisa urip ana omah liya. Nganti gerah barang ana ngomah. Ha ning saiki . . . malah wis ngerti kowe arep nglairake, kok ya ora mulih?

Rekaman dari RRI Nusantara II
26 Juli 1981

(10) UPACARA PENGANTIN DI RUMAH IBU H. SHOFIAN UMAR TEGALSARI

Assalamu'alaikum warahmutullahi wabarakatuh

Alhamdulillah . . . (dst. dalam bahasa Arab) *

Almukarromun, pinisepuh para kyai ingkang tansah kula kurmati, saha al-mukarromah Simbah Nyai Shofiah Umar sakukuban, Bapak-bapak, Ibu-ibu hadirin lan hadirat ingkang kula mulyakaken,

Kawula atas namipun Rama Kyai Syamsuri : *Satunggal* : Nglahiraken syukur dhumateng Allah Subhanahu Wa T'ala ingkang sampun ngesokaken rahmat lan nikmat saingga bidhal kawula sarombongan kala wingi jam tiga saking Prabu kaparingan lancar gancar dumugi masuk kitha Sala jam pitu kalih-dasa kanthi sehat wal'afiat. *Kaping kalih*: Sanget syukur dhumateng Allah, sakbadanipun kita sarombongan sowan lajeng kaparingan palenggahan, pinarakan, saha pakurmatan, ingkang sae saha utami langkung-langkung meresepken ing ati sanubari sarombongan penganten kakung bilih saged muwajahah pinten-pinten ngulama ingkang agung-agung ing ngarsaning Allah ingkang sebage "surujul ummah fi'ddunya" (lampuning umat ing donya). Kayakinan kawula bilih para ngulama ingkang kita adhepi nilai kala dalu dumuginipun sapriki inggih priyantun ingkang sampun natos dhumateng junjungan kita Kanjeng Nabi Muhammad shallallahu'alaihi wasallam, sinaosa menggah silsilah ratu sampun dhumawah pinten kemawon, namun keyakinan kula sampun. Mila, panyuwun kawula, mugi-mugi saestu-estu sowan kita sarombongan wonten ing ngarsa dalem Ibu Nyai Shofiah Umar kala wau, dipun tambahi berkah saged sowan ngulama-ngulama ageng ingkang kasebat wau, . . . kalebeta wonten ing dhawuhipun junjungan kita Nabi Muhammad s.a.w., "Manra-ani.

Pramila panyuwun kawula dhumateng Allah, mugi-mugi nuripun ngulama-ngulama kala wau, saestu menyinarana madhangana dhumateng manah kita, sebab kita muwajahah (ngadhep) ngulama-ngulama saestu manah kita man-

deng dhumateng ngulama-ngulama saterusipun, ngantos kita dipun paringi margi ingkang leres, awit . . . menika ngantos wangsul ing alam akhirat, Amin *Ya Robbaol'amin*. Langkung-langkung mugiya tansah madhangi dhumateng penggalhipun pun temanten kakung A—Ustadz Baidlowi, Alhaij bin Rama Kyai Syamsuri, saha ingkang garwa rara Siti Maimunah binti Rama Kyai Shofawi, Allahumma Amin.

Kaping tiga: Bilih milai saat menika, panjenenganipun Ustadz Baidlowi menika milai dinten dinten menika estua kahaku dening penjenengani-pun simbah Nyai Shofiah Umar sebage kulawarga, awit samenika dumugi *yaumi'lqiyamah*. Amin. *Wassalamu'alaikum warahmutallahi wabarakatuh*.

Rekaman, 1981

(11) KHOTBAH JUMAT DI MASJID BABADAN NGADHEPI WULAN SYA'BAN"

Alhamdulillah illadzi nahmaduhu wa nasta'inuhu wa natubu ilaih . . . (dst. dalam bahasa Arab)

Para sadherek, sidang Jum'ah ingkang minulya,

Mangga kita muji syukur dhumateng Allah subhanahu wa ta'ala, ngaturaken pangalembana namun kagem Gusti Allah. Inggih dhumateng Allah kita tansah nyuwun pitulungan, nyuwun pangapunten, lan nyuwun pitedah. Menawi kita sampun pikantuk pitedah boten wonten ingkang saged ngalang-alangi, semanten ugi, menawi tiyang menika sampun dipun sesataken, ugi boten wonten ingkang saged mitulungi.

Para sadherek,

Mangga kita sami ngenggali niat kita piyambak-piyambak, niat bektos dhumateng Allah, ingkang dipun istilahaken wonten Islam "taqwa'llah", inggih menika nglampahi menapa ingkang dipun dhawuhaken, tuwin nebihi menapa ingkang dados awisanipun Gusti Allah. Kados dene ingkang sampun dipun ngendikakaken Allah wonten ing Kitab Suci Alquran "*inna'llaha ma'al ladzinat taqau wa 'lladzinahum muhsinum*". Inkang maknanipun 'Satemene Gusti Allah tansah mbarengi marang wong-wong kang taqwa, lan wong-wong kang pada gawe kabecikan'. Pramila, taqwa punika dados landhesan gesang kita sadaya. Kita boten badhe pikantuk swarga menawi kita boten sami taqwa.

Para sadherek,

Wulan Rejeb sampun wonten sawingking kita. Sapunika kita sampun ngancik wulan Sya'ban, lan sakedhap malih kita ngancik ing wulan Romadlon. Namung, saderengipun ngancik wulan Romadlon, temtunipun kita ningali dhateng wingking, inggih nalikanipun umat Islam sami mengeti Isra' lan Mi'raj. Ing pengetan Isra' Mi'raj kita kedah ngengeti inti utawi pokokipun Isra' Mi'raj. Menawi dongengipun Isra' Mi'raj kemawon kathah. Namung, ingkang perlu kita pendhet intinipun tuwin kita amalaken, inggih punika kita kadhawan nglampahi sholat gangsal wekdal. Menika kedah kita tingkataken saderengipun ngancik wulan Shiyam. Ayat-ayat bab sholat punika kathah, antawisipun dipun sebataken, "*Innash 'Sholat tanha 'ani'l fahsya-i wa'l munkar,*" maknanipun 'Sholat iku bisa nyegah marang tumindak kang ala lan jijik'

Liripun kados pundi?

Menawi kita punika nglampahi sholat kanthi sayektos-yektosipun, kanthi khusyu', namung krana Gusti Allah, kita boten badhe kumawantun tumindak maksiyat, tumindak awon, amargi kita enget bilih saben gangsal wekdal, sakdinten-dintenipun kita ngadhep ing ngarsanipun Gusti Allah. Saiba badhe isinipun kita menawi kadangu, "Apa kang wus koktindakake sadurunge sholat?" Menawi kita sampun sholat, kita taksih sok goroh, taksih kumawantun dhateng tiyang sepuh, taksih nglampahi maksiyat mawarni-warni, ateges sholat kita dereng sayektos-yektosipun, dereng khusyu'. Pramila, sholat kita perlu kita tingkataken. Temtunipun sholat ingkang khussyu' yektos menika boten gampil, nanging kita kedah ikhtiyar kados pundi supados ngamal ngibadah kita katampi, kita tingkataken. Kita kedah mawas diri utawi "introspeksi, boten namung nrimah menapa ingkang sampun kita lampahi. Kita tingali menapa ingkang sampun kita tindakaken sampun sae punapa dereng, menawi sampun sae, alhamdulillah kita tambah saenipun. Menawi dereng, kita saekaken. Menika menawi kita badhe ngamalaken "*Innash shalata tanha 'ani'l fahsya-i wa'lmunkar*", Malah wonten ing ayat sanesipun kasebataken "*Fa Osta'imu bi 'shshabri wa 'shsholah, fa innaha lakabiratun illa 'ala 'lkhasyi'in*", ingkang maknanipun 'sira kabeh padha nyuwuna marang Gusti kanthi shabar lan sholat. Satemene iku abot, kajaba tumrap wong kang khusyu'.

Dados menawi nggadhahi gegayuhan menapa-menapa, manungsa kedahipun ingkang ngaken iman — inggih namun nyenyuwun dhumateng Gusti Allah s.w.t. Inggih ingkang Mahasuci. Boten nyenyuwun dhumateng sinten-sinten ing alam ghaib kadjawi namung dhateng Gusti Allah, lajeng dipun kantheni sholat tuwin shabar. Dereng temtu penyuwunipun manungsa punika dipun pa-

ringi, amargi Gusti Allah langkung pirsu pindi ingkang manfaat dhumateng kita, lan pundi ingkang boten manfaat. Manungsa sok boten sumerep hikmahipun. Pramila, menawi menungsa menika pancen yektos-yektos "amantu billah" 'Aku percaya marang Allah', inggih pasrah bongkokan dhateng Gusti Allah sesampunipun ikhtiyar sakiyat tenaganipun piyambak-piyambak. Para sadherek,

Samenika wulan Sya'ban taun Hijriyah 1401. Wonten ing wulan Sya'ban kita siap-siap ngancik wulan Romadlon. Wonten ing wulan menika wonten tradisi masyarakat Jawi ingkang mawarni-werni. Kadhang-kadhang wonten gegayutanipun kaliyan agami, kadhang-kadhang boten. Namung, kita kedah ngatos-atos tumindak ing bab adat, wonten ing bab tradisi supados boten klentu ingkang bertentangan kaliyan agami Islam. Antawisipun, wonten tradisi bilih ing wulan Sya'ban kathah tiyang ingkang ziarah kubur, kuburipun para leluhur, sanak-sadherek, tuwin ziarah dhateng tiyang-tiyang ingkang dipun cintai. Menika temtunipun keinging-kenging kemawon. Namung, niat kedah kita tata, niat ziarah kubur punika kados pundi. Menawi niat kita klentu, malah nyuwun dhateng kuburan, temtu boten dados kersanipun Gusti Allah.

Para sadherek,

Nalika zaman jahiliyah, utawi zaman penyiaran agami Islam ingkang wiwitan, pancen nate Gusti Allah ngawisi tiyang ziarah kubur, amargi taksih kathah pengaruh jaihiliyah, ziarah kubur mawi meratap-ratap, malah nyuwun dhateng ingkang sumare, dhateng kuburan, menika miturut agami Islam boten leres. Malah menawi i'tiqadipun nyenyuwun punika supados kasil sedyaniipun, menika saged dados musyrik. Kamangka, musyrik menika klebet dosa ageng, katimbang dosa sanes. *Na'udzu billahi min dzalik..*

.....
 Rekaman Khotbah tanggal 26 Juni
 1981 (Jumat)

(12) KHOTBAH AGAMA KRISTEN "KEYAKINAN LAN KAPITADOSAN"

Para kinasih,

Nalika Perang Donya kaping kalih, saderengipun Jepang menyerah kalah, Jepang ngawontenaken prajurit "berani mati" ianggang kasebat "KAMI-

KAZE”, ingkang ateges ‘angin dewa’.

Pasukan kamikaze punika inggih ingkang sering kasebat ”jibakutai”. Dene kuwajibanipun prajurit Kamikaze inggih punika nyerang mengsah kanthi ngurbanaken dhirinipun piyambak. Dados, sinten ingkang mlebet pasukan Kami kase ateges teken kontrak pejah ing medan peperangan.

Nalika Kaisar Jepang ngumumaken bab kabikaipun ”pendidikan kamikaze”, ewon para nem-neman Jepang ingkang kanthi suka rila ndaftaraken dhirinipun, kepengin dados warganing ”Pasukan Kamikaze” wau.

Para kinasih,

Punapa ingkang dados dhasaripun kathah nem-neman ingkang punika keyakinanipun Jepang dhateng agaminipun Shintoisme, ing pundi Kaisar Jepang dipun ugemi kados dene dewa. Pramila, pejah kangge kepentinganipun kaisar lan Jepang ateges pejah kangge dewa ingkang dipun bekteni lan dipun ugemi.

Para kinasih,

Srana makaten cetha dhumateng kita kados pundi dayanipun kapitadosan ing gesanging manungsa. Prajurit Kamikaze pitados, utawi nggadahi keyakinan bilih kaisar punika dewa, lan pejah kangge kaisar ateges mulya. Kapitadosan dhateng sinten Kaisar Jepang punika, dene mahanani tuwuhipun tekad ingkang kiyat kekendelan ingkang tanpa tandhing – wani pejah bebasan ”sulung lumebu geni” pejah ajur sesarengan kaliyan pesawat terbang ingkang dipun kemudheni.

Kita gumun sanget, ingkang atasipun kaisar Jepang punika cetha namung manungsa limrah, ewadene ngantos semanten keyakinanipun rakyat Jepang dhateng kaisaripun, lan keyakinan punika nyata ndayani, kawarna ing gesangipun lan kabukti wonten ing gesangipun Pasukan Kamikaze.

Sapunika kados pundi tumrap kita pasamuwan, keyakinan kita, paugeman kita dhumateng Gusti Yesus punika, gantos dumugi pundi? Kaanggep sinten Gusti Yesus Kristus tumrap gesang kita, lan mahanani punapa wonten ing gesang kita?

Mangga, kita sesarengan ngraosaken prekawis punika dhedasar Kitab Injil Matius 16:15, 16.

”Nanging mungguh kowe, Aku kearani sapa?”

Para kinasih,

Dene ingkang nggumunaken, inggih punika dene kita terkadhang langkung

saged kanthi gamblang nerangaken penganggapanipun para sadherek wau, umpaminipun para sadherek Islam ingkang nganggep Gusti Yesus punika makaten-makaten lsp. ngantos kados-kados sampun njajagi ing salebetipun manahing sadherek kita wau kanthi tapis lan cetha. Mangka ing sayektosipun ingkang kathah inggih namun dhedhasar pamireng, utawi pengertosan sawatawis, tekadhang namung pangertosan sipat gethok tular, utawi namung kinten-kinten, utawi karena maos buku-buku.

Para kinasih,

Nerangaken kapitadosanipun tiyang sanes senadyan kenging dipun wastani angsal, nanging inggih kenging dipun wastani gampang, awit namung sipat kinten-kinten. Sadherek ingkang saged mangsuli pitakenan ingkang magepokan kaliyan kapitadosanipun tiyang sanes pancen inggih wonten paedahipun tumrap tiyang ingkang kepengin mangertosi kawontenaning tiyang sanes, nanging dereng maedahi dhateng dhiri pribadi.

Para kinasih,

Nalika pakaryanipun Gusti Yesus sangsaya nyelaki dhateng margining kasangsaran, seda sinalib, wonten ing ngriku lajeng sangsaya katingal :

- thukulipun panglawan rupi-rupi saking tiyang golongan, dadosa sipat agal utawi alus;
- panglawan wau sangsaya nyata nalika Gusti Yesus boten kersa kajumenngaken ratu. Ing ngriku tiyang golongan ingkang sakawit ngrubung, ngetut wingking dhateng pundi kemawon Gusti tindak, lajeng sami wiwit mundur lan sangsaya suda, karena kacuwan.

Ing sakawit sedyana tindakan lan pakaryanipun Gusti Yesus punika dados sekar lathi, nanging sareng wekdal ngajengaken nandhang sangsara, lajeng katingal malik grembyang dados panacad ingkang ngemu sengit.

.....

Rekaman khotbah Pendeta Iman Sugiri
tanggal 8 Februari 1981

B. SUMBER DATA TERTULIS

(1) ETIKET

Andharane Bondhan Nr.

Kepriye dadine manawa jagad iki tanpa pranatan? Mesthi bae bakal ora tentrem, kisruh, lan ora tumata. Sisib sembiro bisa klakon pasulayan, munggahe perang. Wong ora ajen-ingajen, ora nggateake marang liyan, mung mburu kasenengane dhewe, tanpa rasa tepa slira. Kuwi satemene mbebayani tumrap urip tentrem kang padha dadi gegayuhane wong akeh.

Nanging, Pangeran Kang Mahakuwasa iku sipat adil. Manungsa diwenehi pikiran lan rasa kanggo ngrasakake. Pikiran kanggo mikir. Prakara kang ora nyenengake lan sing gawe seneng bisa dirasakake wong urip. Sawise dirasakake thukul pikire kapengin ngilangi prakara kang gawe cuwa iku. Mula, nuli dianani pranatan. Ing perangan pranataning srawung sinebut "ETIKET".

Mula bukane tembung etiket iki nalika Raja Lois XIV dadi ratu ing Prancis. Dheweke duwe kasenangan beda karo raja-raja liyane. Yakuwi, seneng nganakake pahargyan "Pista" Sing diundang ana ing pahargyan ora sadhe ngah wong. Nanging, para Ratu manca negara, para kulawarga Raja lan wong-wong kang disenengi Raja Lois. Kayata, seniman-seniman kondhang, putri sing ayu-ayu lan sawetara kawula kang duwe lelabuhan gedhe tumrap negarane Prancis. Cetha, ing sajrone pista kuwi ana sawatara sipat lan kasenangan wong kang beda siji lan sijine. Mulane kalamangsa tuwuh swasana kang ora ngapenakake.

Raja Lois golek cara, amrih ing pista iku ora padha jor-joran, umuk-umukan kasugihan lan pasulayan rembug. Dheweke banjur printah marang andhane supaya gawe uleman, diwenehake marang wong kang diundang. Sajrone undhangan utama ulem iku tinulis pranatan kang kudu ditindakake para tamu.

Mekar Sari, No. 23/XXIV
1 Februari 1981,

(2) Laporan :
SD BANTUL I JUARA UKS
TINGKAT SD SA— DIY TH. 1981

Minangka kanggo saka grengsengake pangudi marang kasarasan awak lan jiwa, saben taune Departemen Kesehatan Prop. DIY tansah nganakake lomba Usaha Kesehatan Sekolah (UKS) wiwit tataran Taman Kanak-Kanak (TK), Sekolah Dasar (SD) lan SMP.

Team Penilai dipimpin Prof. Dr. Pramono, M.P.H.

Kalodhangan iki kita aturake kegiyatane pemenang juara I tingkat SD. Team kekiter niti priksa jago-jago saka Kabupaten. Wusana bisa nemtokake urutane Juara Kesehatan Sekolah Tingkat SD yaiku: Juara I SD Bantul I, Juara II SD Kanisius Baciro Kodya Yogya, lan Juara III SD Nanggulan II Kulon Progo.

Apa kunci kesuksesane?

SD Bantul I Ipda Wilayah Bantul uga Kabupaten Bantul iki disesepuhi Bapak Sukiman BS. Bapak Sukiman mratelakake marang PS apa ta sebabe bisa unggul nganti dadi juara Usaha Kesehatan Sekolah sak-Prop. DIY? Ora liya bisa ngraketake rasa antarane guru-guru, murid-murid lan petugas Kesehatan ing Puskesmas Bantul. Bab iki disilirani dhewe dening Bu Dokter Puskesmas, Ibu dr. Siti Kalimah.

Apa dhawuhe lan pituduhe saka dokter mau ditindakake kanthi tumemen. Sesambungan terus dianakake paling sethithik saben sasi sepisan bu dokter mau niti priksa kahanane sekolah lan kasarasan murid-murid.

Kanthi pituduh kang ajeg iki wusana para guru wis kulina nyatitekake babagan kasarasan bocah lan lingkungan. Mula kasarasan para murid becik kabeh. Marga yen ana sing katon lara sethithik bae, enggal dikirim menyang Puskesmas. Kajaba pemeriksaan kang ajeg, bab bobot lan dhuwure bocah dikontrol pendhak triwulan.

Penyebar Semangat, No. 28,
 11 Juli 1981

(3) Editorial
MBLUDAGE LULUSAN SMP
BUTUH PENAMPUNG ING SMA

SMP anyar lan SMP INtegrasi asal saka SMEP lan ST taun iki wis ngasilake lulusan. Kanthi mengkonokohing lulusan SMP dadi mbludag akeh. Durung kapetung lulusan saka sekolah subsidi, bantuan lan "terdaftar". Iki njalari saya akehe lulusan SMP. Kabeh tujuane mlebu SMA. Sing kepengin mlebu sekolah kejuruan (SPG, SMEA, STM, lsp.) prosentasiné sethithik. Racake padha kepengin supaya satamate saka SMA isih bisa nerusake maneh nyang Perguruan Tinggi. Iki pancen mujudake saperangan saka wohing pembangunan, luwih-luwih ing babagan pendidikan.

Biyen sekolah mono kepengin sing cepak sing enggal oleh gawean. Dadi sekolah-sekolah kejuruan laris. Saiki ora perduli lan tanpa wawas kekuwataning utek, utawa kekuwataning ragad kabeh kepengin mlebu SMA sing sateruse isih ana ajine. Yen wis lulus SMA tujuane Universitas. Yen mlebu IKIP ya sing Program S1, rumangsa kurang ana ajine yen mlebu Program Diploma (D1, D2 utawa D3).

Kehing lulusan SMP sing ora bisa katampung ing SMA pancen akeh. Luwih akeh sing ora katampa tinimbang sing bisa katampa. Iki bisa dideleng saka kehing calon murid sing ndaftarake. Sekolah-sekolah ing njero kutha umume bisa nampa nem klas wetara 240, sing ndaftarake ewonan. SMA njaban kutha racake nampa wetara 5 klas sing ndaftarake 1.500-an. Sabagean pancen bisa ditampa ing sekolah swasta, nanging ya isih akeh sing ora oleh sekolahan. Kanthi mangkonokohing perlu penggalihan dening kang wajib kapiye carane ngatasi kanthi cepet.

Jaka Lodhang, No. 458/XI
27 Juni 1981, halaman 3

(4) KEMBANG LAMBE

Angkatan Perang kita, saiki mula tansah dadi pocapan masyarakat, pocapan kang mengku pangalembana. Apamané bareng pasukan "anti teroris" kita bisa numpes pembajak pesawat "GARUDA WOYLA" jurusan pener-

bangsan Palembang — Medan nembe iki, donya iya melu ngakoni marang kahebatane pasukan kita.

Pembajakan mau wartane pancen ngebaki jagad, nganti bisa nyilepake lelakon kang yektine luwih hebat lan wigati, sarta perlu disumurupi dening bangsa Indonesia kabeh. Margane lelakon iku bisa mangaribawani "KETAHANAN NASIONAL" kita saya bakuh lan santosa. Lelakon sing wajib kita ngerteni kasebut yaiku Latgab ABRI '81.

Kapriye nalare, jeneng mung latihan bae, lelakone kok dianggep wigati. Mesthi bae mangkono, jalaran sakabehing prestasi sing hebat, meh kabeh ora luput saka beciking latihan sadurunge, klebu operasi numpes pembajakan GIA mau. Apamaneh Latgab ABRI '81 nembe iki, lakune mula yahud. Ditandhing karo latihan-latihan dhek wingi-wingi dudu emput-empute.

Papaning latihan bae jembare nganti rong protelon wilayah Indonesia ing iring wetan. Sing melu latihan nyakup telung kowilhan dhewe. Personal sing kasangkut ora kurang saka 40 ewunan, durung kapal perange nganti 20 iji, motor mabure 40, lan rakyat mesthine iya ora sethithik sing katut kelatih.

Nitik jembaring papan lan operasi latihanane klebu sing gedhe dhewe ing Asia. Prabote latihan, akéhe mula ora mekakat, sing bisa ngungkuli akehe mung pirantine latihan AS lan Korsel TEM '80.

Mekar Sari No. 4

15 Maret 1981, hlm. 3

(5) NGADI SARIRA

mBaleni bab patrap awak sing becik, bisa disranani nganggo olah raga, senam sing baku nguwatake sikil. Senam sikil kanggo nguwatake otot-otot sikil, ora gampang kesliyo. Wayah esuk wungu sare, kurang luwih jam papat, nglatih otot-otot sikil kanthi senam, mlaku-mlaku utawa mlayu-mlayu. Ora perlu kesuwen, ckukup sepuluh menit, angger ajeg. Yen isih ana tempat tidur, kurang luwih limalas menit ngagem cara-cara kaya ing ngisor iki :

1. Sarean sikil loro-lorone ditekuk sedheku, tangan ngekeli sikil, perangan awak munggah-mudhun, paedahe kanggo nguwatake otot padharan.

2. Sarean sikil ditekuk, sirah diangkat alon-alon, tangan loro-lorone di-

tumpangake dhadha, kanggo nguwatake otot sirah.

3. Sarean, sikil siji ditekuk, sijine diangkat, mbaka sathithik, nguwatake sikil, lan ngempesake padharan.

4. Sarean, sikil loro-lorone ditekuk, tlapakan sikil tumempel ngisor, awak diangkat alon-alon, kanggo nguwatake bokong lan padharan.

5. Sarean, sikil sijine diangkat, tangan tetep nyekel sikil sing ditekuk, nguwatake otot-otot sikil, supaya ora cepet kesel.

Mekar Sari No. 5

1 Mei 1981, hlm. 141

(6) ZIARAH MENYANG MAKAM SUNAN GUNUNG JATI ING GUNUNGSEMBUNG

Mlebu makam kono ora beda yen karo mlebu ngomah bae. Komplek makam kang jembare ora kurang saka sakhektar, katon kebak maesan kang atusan cacahé. Kuburan-kuburan iki mau uga asale wong kang isih ana sesembangunae keturunan Kraton. Kabeh wong sing ziarah mrono mung bisa tekan pintu nomer papat (pintu pasujudan). Ing ngarep pintu pasujudan dijerengi babut abang, kang sisih kiwane ana tumpukan Al-Quran akeh banget. Ya ing ngarep pintu pasujudan iki mau para ziarah padha maca ayat-ayat suci Al-Quran, maca tahlil, ana sing ngobong, pyan ing sandhuwuring pintu pasujudan nganti katon ireng (gosong). Dene kanggo wong Cina sing padha ziarah mrono ana panggonan khusus yaiku lawang paling kulon, uga kenceng karo pintu pasujudan. Nanging ya sok ana wong Cina sing mentas seda Yongswa ing lawang kulon dhewe isih obong-obong ing pintu pasujudan. Lha para peziarah apa ya bisa tekan makame Sunan Gunung Jati sing kudu ngliwati lawang nomer 5, nomer 6 sateruse nganti tekan makame Sunan Gunung Jati ana pucuk. Manut ketrangane petugas kono jare ya bisa, sauger ana ijin saka pehak Kraton ana Cirebon. Mung bae akeh-akehe wong-wong sing padha ziarah mrono senajan mung tekan lawang nomer 4 (pintu pasujudan) ya wis padha marem.

Panyebar Semangat, No. 17

25 Maret 1981, hlm. 12

(7) ANEKA POJOK

PENGET SAKA KETUA MPR/DPR Daryatmo dhawuh, wong-wong sing kepengin supaya Presiden Soeharto diangkat dadi Bapak Pembangunan Nasional kudu bisa mikir luwih dhisik kanthi mateng banget.

”Aja kaya jaman kang kepungkur”

== rehning diucapake dening Ketua MPR/DPR, kita temen-temen kudu nimbang-nimbang klawan mateng (SH 14 VII 81)

DIALOG – Wapres Adam Malik nganjurake supaya wartawan kerep nganakake dialog karo pejabat.

== Kanggo wartawan bab iki wis klebu tugas, kari ngulinaake pejabate, pak (MDK 14 VII 81)

ORA KANGGO GEDEN-EDENI. Mlebune Kopkamtib ing team kang nandangi masalah perburuhan ora pisan-pisan kanggo ngeden-edeni. Pancen repot, tanpa dieden-edeni wae wong wis padha wedi.

== Mang Usil eling pengalamane nalika cilik mbiyen. Wedine ilang, yen bareng kanca kang bisa didadeake agul-agul (KPS 15 VII 81)

Penyebar Semangat, No. 30

25 Juli 1981, hlm. 4

(8) WAWASAN NJABAN RANGKAH

Ngadhepi situasi Vietnam sing kaya mengkonono mau RRC rumangsa jengkel, rumangsa yen kekeparepane ora digugu, pengarep-arepe supaya Vietnam bisa dadi begondhale mrucut, wusana banjur diserbu. Nanging Vietnam jebul megek wae, nadyan RRC wadyane akehe ngungkuli Vietnam, nanging pranyata persenjataan konkrit, kalah hebat karo persenjataan Vietnam. Perang jaman saiki ora mung waton akeh bala, becike persenjataan uga dadi pertimbangan sing baku. Mangka bab persenjataan iki Vietnam antuk bandha tiban, dhek perang karo Amerika Serikat biyen, persenjataan prasasat ditinggal brung, tur akehe ora mekakat.

Dhasar persenjataan Vietnam hebat, kathik semangat perlawananane hebat, pilih tandhing karo semangate prajurit RRC. Nadyanta kanggone RRC kelangan prajurit sehoah kuwi dudu apa-apa, nanging opini donya ora nguntungake. Ngiras pantes kanggo nutupi kekalahanane, opini donya kena kanggo kudhung.

Warga Cina ing manca negara mula akeh banget, ora jeneng aneh yen ing antarane petugas-petugas sandine bisa ngumpat utawa ndelik. Liwat para petugas sandine mau kira-kira RRC banjur wiwit gawe strategi baru. Kuwi wis jamak lumrahe, negara ngendi wae tumindak mengkono mau iya sarwa mungkin. Amerika Serikat sesambungan karo RRC kenyataane saya rapet, jalaran kepriye mbuh ora ngerti, apa jalaran saka wegige pakaryane para sandhine, perkara iki durung kebukten.

Djaka Lodhang No. 450
2 Mei 1981, hlm. 10

(9) IBU KUWALON

Sawijining dina durung wayah tutup kantor bapak wis rawuh. Nanging beda banget kahanane karo gek setaun kepungkur, yaiku nalika ditinggal ibu biyen. Aku nalika iku ana ngomah, wong sekolahanku liburan kwartalan. Bapak katon gembira ngungkuli adate. Nalika Mini lan Manto mapagake, dikudang-kudang, nganti bocahe ngguyu ngakak-ngakak. Sawise iku nuli lenggah ing kursi kaya gek kepungkur. Bedane gek setaun kepungkur kanti lesu lan suntrut, saiki sedhela-sedhela gumujeng latah-latah kambi mangku Mini ing dhengkule, jaran-jaranan. Manto dhengkul tengen, Mini dhengkul kiwa. Sawuse iku nuli nimbali aku. Nalika ditimbali iku rasane atiku uga seje banget karo rasa nalika setaun kepungkur. Saiki aku mesthekake yen bakal ana kadadeyan sing nyenengake trumrap sakulawarga. Embuh apa kadadeyan iku aku durung ngerti, nanging atiku wis krasa seneng lan bungah. Ee, muga-muga aja nganti mleset pangiraku iku.

Catatan :

Ejaan disesuaikan dengan EYD.

Kumpule Balung Pisah,
karangan A. Saerozi A.m., 1964

(10) KACILAKAN KA MUTIARA TIMUR ING KEC. ROGOJAMPI BANYUWANGI

KACILAKAN KA Mutiara Timur Jurusan Surabaya – Banyuwangi dhek Minggu tanggal 28 Juni jam 06.30 nuwuhake korban tiwas wong sewelas lan tatu abot – entheng ora kurang ana wong 41.

KA Mutiara Timur sing ngemot penumpang cacah 325 lan 7 petugas KA kasebut kanthi tujuwan Banyuwangi lan Denpasar nalika arep mlebu stasiun Rogojampi dumadakan ndhase sepur (lokomotif) nggiwar saka ril, saengga nuwuhake 2 gerbong klas ekonomi lan 1 gerbong klas utama ngguling. Dene 1 gerbong utama liyane nyemplung kali Legowo desa Lemahbandowo Kec. Rogojampi sing jerone 15 meter.

Ka-7 petugas KA kang slamet kasebut saiki lagi diamanake dening pehak berwajib.

Ali Yakob, wakil Stasiun Kota Surabaya ngandharake yen sepur kasebut budhal saka Surabaya jam 23.00 tekane ing stasiun Banyuwangi kudune jam 05.40 dadi sepur iki telat 30 menit.

Miturut katrangan Kepala Eksploitasi Timur PJKA Ir. Eddy Roeslani, kacilakan KA ing Rogojampi iki mujudake kacilakan kang paling gedhe wiwit 20 taun pungkasan iki ing Jawa Timur. Dene sebab-sebab kacilakan kang niwasake korban jiwa 11 kasebut isih lagi diteliti.

Penyobar Semangat, No. 28
11 Juli 1981, hlm. 6

(11) LAIRE DEWI SRI LAN RADEN SADDANA

Dewi Kadru lan Dewi Winata, uga sinebut Dewi Ngruna lan Dewi Ngruni, sakarone padha kakang adhi, putrine Bathara Brahma, lan sakarone uga padha kagarwa dening Reshe kasyapa ing Kahyangan Kasyapaloka, nalika semana nuju padha padudon bab sih katresnaning kakung. Dewi Ngruna gawe pasang giri.

Nalika iku garwane Srigati, rajaputra ing praja Purwacarita kang aran Dewi Brahmaniyati nuju anggarbini tuwa, ing besuk yen miyos kakung, Dewi Ngruna kang menang, nanging menawa miyos putri, Dewi Ngruni kang menang.

Pasanggiri mau mawa toh-tohan, sapa kang kalah kudu dadi bature tukon ing salawas-lawase.

Dewi Ngruna lan Dewi Ngruni banjur padha menyang praja Purwacarita, sowan marang Prabu Wisnupati iya Bathara Wisnu ngejawantah, ngaturake apa kang dadi kaperluane. Kacarita teka titi Dewi Brahmaniyati ambabar miyos dhampit, putri lan kakung, mula Dewi Ngruna lan Dewi Ngruni padha orana

ana kang kalah menang. Sakarone nuli padha bali menyang Kahyangane, sawise antuk pitutur lan pamrayogane Prabu Wisnupati ramane R. Srigati manawa satuhune sih tresna iku tuwuh saka pakartining laladi kang nocogi.

Dene putra-putrine Dewi Brahmaniyati kang miyos dhampit iku mau, kang tuwa putri, kaparingan nama Dewi Sri, kang anom kakung, kaparingan aran R. Saddana.

Let setaun, Prabu Wisnupati seleh keprabon, putrane kakung pembarep saka garwa prameswari dewi Sriyuwati kang aran R. Srigati kajumenengake Nata ana ing praja Purwacarita. jujuluk Prabu Srimahapunggung; dene rayine tumuli R. Srigati tunggal rama ibu, kang aran R. Srinadda, kajumenengake Nata ing praja Wiratha lulus lestari run-tumurun nganti teka jaman bubar prang Bharatayuda jayabinangun.

Almanak Dewi Sri, 1971, hlm. 290.

(12) KANJENG SENOPATI ORA SEBA MENYANG PAJANG

Bareng Ki Juru Martani pirsane kaya mangkono mau banjur maringi pirsane akeh-akeh kang maksude aja nganti mungsuh Sang Prabu, awit ora prayoga banget manawa mungsuh bapa tur hiyangguru sarta ratune. Dene menawa sumedya jumeneng ratu luwih utama menawa nyuwun menyang Kang Maha Kuwasa wae. Sang Senapati mituhu banjur mertapa menyang Lipura terus menyang pasisir kidul. Ing kono katarima bisa nelukake sarta nggarwa Ratu Kidul. Mungguh dongenge Ratu Kidul iku mangkene: Ratu Kidul iku putri ing Pajajaran, kapener mbakyune Prabu Sri Pamekas utawa Prabu Siliwangi ing Pajajaran. Nalika mertapa mendha-mendha priya jejuluk Hajar Cemara Tunggal, kang diguroni dening Raden Jaka Suruh kasebut ing ngarep. Bareng katarima tapane, saka kersaning Dewa, kadadekake ratuning lelembut rumeksa sa Tanah Jawa, Ngedhaton ing segara kitul. Dene patih aran Nyahi Rara Kidul, iku widadari Nawangwulan, garwane Ki Ageng Tarub kang kacarita ing dhuwur.

Sakondure Sang Senapati saka segara Kidul, dipethukake Kanjeng Sunan Kalijaga didhawuhi yasa beteng minangka ihtiyar. Dilalah pangrakite bata beteng mau kang abang katumpangake kang putih. Kanjeng Sunan banjur

paring pameca menawa ing tembe ana mangsane Tanah Jawa kaprentah dening bangsa kulit putih.

Kanda Raharjo, No. 10, Taun III
7 Juli 1981, hlm. 7

(13) KETOPRAK CANGKRINGAN JUWARA FESTIVAL SA-SLEMAN

Kanthi lakon "Sayembara Pilih" kontingen ketoprak saka Kecamatan Cangkringan kasil dadi juwara siji ing festival ketoprak Kecamatan-kecamatan sa Kabupaten Sleman ing pagelaran nyoba sosiodrama sing diadani 2 dina ing gedung Serbaguna Beran Sleman.

Juara siji mau nampa "pialo" saka Bupati Sleman Ki Drs. S. Prodjosujoto rikala panutupan festival.

Juara II lakon "Sumpah Palapa" oleh "piala" saka Kantor Deppen Kabupaten Sleman. Juara III Kecamatan Gamping kanthi crita 'Ngesthi Utama' oleh "piala" saka Kantor BKKBN Sleman.

Kejaba iku uga diadani pilihan sutradara. Kang menang Ki Samdini saka Kecamatan Gamping. Paraga sing apik dhewe Ni Yayuk sing dadi Nyai Mada, kontingen Kecamatan Ngaglik.

Kerawitan sing apik dhewe Kontingen Kecamatan Cangkringan pimpinan Ki Sukardjo.

Tim mau juri festival mau, Ki VY Marsudi, Ki Lamidi BA lan Ki Drs. Abu Dzarin.

Kang melu festival mau 17 kecamatan sing kaparang dadi telung rayon. Rayon Sleman wetan Kec. Depok, Prambanan, Kalasan, Berbah, Ngemplak lan Cangkringan. Rayon Sleman tengah Kec. Ngaglik, Pakem, Mlati, Tempel, Sleman lan Turi. Rayon Sleman kulon: Kecamatan Minggir, Mayudan, Segean, Godean lan kontingen Kecamatan Gamping. (Spln).

Kandha Raharjo No. 10, Taun III,
7 Juli 1981, hlm. 6

(14) KALANA ANAPUNG YUDA

Anuju satunggaling dinten, siyang-siyang watawis jam sedasa, paprangan wau saksat awoh setan lan gandarwa, banaspati pating glidrah, pating so-lahipun, sadaya bikut tat-tata ing damel. Tetiyang ingkang sami sumerep sami sumingkir tebih. Malah tetiyang jaler ing padhusunan ingkang celak panggen-an wau, sami gugup ngungsi dhateng sanes dhusun tebih.

Sejatosipun basa setan brekasakan wau sanes, nyatanipun para satriyaning nagari, inggih para prajurit saha para prawira, ingkang nedya mbegal konvooi (iring-iringan) prajurit Walandi ingkang badhe langkung ing ngriku, saking Jatisrana badhe dhateng Wanagiri, dene caraning mbegal, migunakaken bom tarik kapendhem ing padoning kreteg wau, wetawis satuan meter saking paprangan punika.

Kacariyos bom tarik sampun kapasang, kawat tarikaning diktenator kanggo mbledosaken bom sampun kasambet dados pepanthengan, kantung narik kemawon. Para prawira sampun sami siyaga, mapan ing papan pamilihipun piyambak-piyambak ingkang kakinten pramana saha premati, kantung ngentosi tumanduking damel.

Catatan: Ejaan disesuaikan dengan Ejaan Bahasa Jawa yang Disempurnakan (EYD).

Sri Hadijoyo, "Serat Gerilya Solo", hlm. 26

(15) Crita Cekak :**WARTAWAN**

Winardhi ngungak kamar sisih. Lawange isih menga sethithik. Dheweke ungak-ungak njero, weruh Nanang rerangkalan karo Danar. Kemule basah-basih. mBok Dhenok, pamonge kang setya, turu ana pinggir, sikile tumumpang dhingklik. Winardhi lumebu kamar mbenakake kemul, karo nyumet

obat nyamuk anyar, nyambung sing wis mati. Lemut-lemut mabur ngedohi paturone Nanan, Danang kakang adhi. Winardhi nyawang mubeng lan maspadakake isining kamar. Ora ana prabot, dolanan bocah utawa buku-buku sing anyar. Pancen wis telung sasinan dheweke ora bisa tetuku apa-apa. Dhuwit wis ditampa, enteke kanggo butuh pawon sadina-dina.

Winardhi metu saka kamare Damar – Nanang. Nginguk kamar cedhake, sing isi ponakan telu lanang-lanang. Pindhah ngungak mburi sing dienggoni keponakan papat wadon-wadon. Ya bocah papat iki sing sedina-dina ngrewangi mbok Dhenok ngurusi pawon. Sing sekolah esuk kajibah tugas dhapur wayah sore. Sing sekolah sore ganti masak esuke. Nuryati dhewe ora tau gepok-senggo. urusan pawon babar pisan. Yen esuk ngeterake Damar, Danang sekolah. Awan sanja menyang tangga-tangga lan sore lunga mrana-mrana tekan bengi. Malah asring uga bengine ora bali. Yakuwi yen lagi lunga karo Bremana, nginep ana Kartasura utawa Magelang. Nuryati pancen kumanthilkanthil karo Bremana, sing sugih lan urip mubra-mubru minangka pedagang. Yati tansah kerem plesir-plesir, kamangka kasenengane kuwi ora ketutugan dhuwite sing lanang.

Mekar Sari, No. 5

1 Mei 1981 hlm. 18

INTERFERENSI GRAMATIKAL BAHASA INDONESIA DALAM BAHASA JAWA

PENCETAK : P.T. NEW AQUA PRESS - JAKARTA